

# BUDAYA SUNDA

## BAB I HAKÉKAT KABUDAYAAN

### I.1 Wangenan Kabudayaan

Unggal masarakat tinangtu mibanda kabudayaan séwang-séwangan, ti mimiti budaya nu tradisional nepi ka nu modérn. Ari hakékatna kabudayaan téh universal, hartina méh di unggal wewengkon mana waé ogé aya. Kabudayaan téh ngajanggélék dina wujud tingkah laku sarta pola pikir katut ajén-inajén, paraturan atawa tindakan anu hukumna diwajibkeun, dimeunangkeun (ngidinan), jeung teu dimeunangkeun (nyaram). Kabudayaan téh sipatna parsial, nya éta umumna lumaku husus di wewengkonna séwang-séwangan, sarta jolna ti jero masarakatna sorangan. Kabudayaan sipatna dinamis, nya éta ngalaman parobahan luyu jeung mekarna jaman. Aya ogé kabudayaan anu statis, teu ngalaman parobahan ku kamajuan jaman. Jadi hakékat kabudayaan téh *universal, parsial, dinamis, jeung statis*.

Kabudayaan mangrupa hasil jeung sarana manusa pikeun adaptasi jeung lingkungan sosialna. Manusa disebut salaku mahluk nu ngabogaan budaya sabab paripolahna kauger sarta dipangaruhan ku budi jeung akalna. Pikeun ngabédakeun antara manusa jeung mahluk séjénna ditingali dina paripolahna. Kabudayaan ogé mangrupa konsép umum tina istilah *culture* (Inggris), nu sacara leuwih tandes ditétlakeun ku E.B Taylor dina bukuna *Primitive Culture* (1871) dina Danandjaja (2002:6) yén:

*"kesatuan yang menyeluruh yang terdiri dari pengetahuan, kepercayaan, kasenian, moral, hukum, adat istiadat dan semua kemampuan serta kebiasaan yang diperoleh manusia sebagai anggota masyarakat".*

Dumasar kana éta konsép, loba anu ngahartikeun budaya dina wengkuan harti anu béda-béda. Kabudayaan salaku pikiran, karya, jeung hasil karya manusa nu nyumponan hasratna ngeunaan kaéndahan, nu sacara singget kabudayaan téh nya éta kasenian, mangrupa

konsép anu kacida heureutna. Sabalikna loba (utamana para ahli élmu sosial), nu ngahartikeun kabudayaan dina harti anu kacida legana, nya éta sajumlahing pikiran, karya, jeung hasil karya manusa nu teu ngakar kana nalurina. Éta konsép kacida legana, lantaran ngawéngku ampir sakabéh aktivitas manusa dina kahirupanana (Koetjaraningrat, 1990: 1).

Saupama kitu mah jelas pisan yén sagala rupa kabiasaan atawa kalakuan anu mola sarta geus jadi ciri paranti adat biasa, bisa disebut kabudayaan. Kabudayaan mangrupa hiji ciri pikeun ayana masarakat. Kabudayaan bakal lana jeung mekar saupama aya pangrojong ti masarakatna, sarta éta kabudayaan téh diluyukeun jeung kabutuhan-kabutuhan nu aya di lingkunganna. sabalikna hiji masarakat moal ajeg saupama teu mibanda kabudayaan. Jadi antara kabudayaan jeung masarakat téh aya kagiatan silih lengkepan anu raket sarta moal bisa dipisahkeun.

Koetjaraningrat (1980:263) nétélakeun yén kabudayaan anu lumangsung di masarakat sarta ngawujud komunitas adat bisa némbongkeun hiji ciri anu husus, utamana katitén ku jalma di luareun lingkungan éta masarakat.

Anu satuluyna Andréas Eppink nétélakeun deui yén kabudayaan ngawéngku sakabéh définisi ngeunaan ajén, norma, élmu pangawéruh sarta sakabéh struktur-struktur sosial, réligius, tur sagala hal ngeunaan inteléktual jeung artistik ciri has hiji masarakat.

Parsudi Suparlan nétélakeun yén sakabéh pangaweruh manusa salaku mahluk sosial nu dipake pikeun maham jeung ngainterpretrasikeun lingkungan jeung pangalamanana sarta jadi dadasar/sisindekelan pikeun ayana kalakuan manusa. Nurutkeun Kamus Umum Basa Sunda (taun 1984), kabudayaan téh nya éta sagala rupa hasil pikiran, akal, pangawéruh manusa saperti basa, lembaga agama, winaya, wiyasa, husada, tatapraja, jeung sabangsana.

Melvine J. Herkovits (1955) nétélakeun yén kabudayaan nya éta bagian tina wengkuan hasil gawé manusa (*man made point of téh environment*). Sedengkeun Ralph. Lington (1990) nétélakeun harti kabudayaan dina bukuna "The Cultural Background of Personality", nya éta konfigurasi tina hasil tingkah polah manusa anu unsur-unsur pangwangunna dirojong sarta ditangtukeun ku masarakat anu tangtu.

Kitu ogé Drg. Vendak ngébréhkeun pamanggihna yén kabudayaan téh nya éta kumpulan tina ébréhan jiwa manusa nu ragamna rinéka sarta lumaku di masarakat anu tangtu.

Ditilik tina jihat élmu antropologi, kabudayaan téh nya éta sakabéh sistem gagasan, paripolah, jeung hasil karya manusa dina raraga kahirupan masarakat nu dijadikeun milik manusa ngaliwatan diajar.

ST. Takdir Alisyahbana nétélakeun yén kabudayaan téh mangrupa manifestasi (nu ngawujud tina hiji pernyataan jeung pamadegan) nu ngaliwatan cara mikir manusa.

Nurutkeun Koentjaraningrat, kabudayaan téh nya éta sagemblengna susunan hasil mikir manusa nu mangrupa karya, nu teu ngakar kana halusinasi (pangalaman panca indra) sarta ngan bisa diébréhkeun ngaliwatan proses diajar. JJ. Honigman, dina buku "The World of Man" (1959: 11-12) nétélakeun aya tilu rupa anu bisa dibédakeun tina kabudayaan, nya éta *ideas, activities, jeung artifact*.

Kluchohn jeung Kelly (1945) ngébréhkeun yén kabudayaannya éta sakabéh rarancang hirup nu ngajanggélék ngaliwatan proses sejarah, boh kauni boh teu kauni, rasional atawa teu rasional nu aya dina hiji waktu sarta dijadikeun padoman nu potensial pikeun prilaku manusa. Ari Selo Sumarjan jeung Sulaeman Sumardi ngébréhkeun yén kabudayaan téh mangrupa sistem gagasan nu jadi padoman jeung pangaruh pikeun manusa dina nangtukeun sikep jeung prilaku boh sacara individu boh kelompok.

Anton Moeliono (1994:149) nétélakeun yén kabudayaan nya éta hasil kagiatan jeung ciptaan batin manusa, saperti kapercayaan, kasenian, adat istiadat, atawa disebut ogé sakabéh pangawéruh manusa salaku mahluk sosial. Sedengkeun Freeman Butts nétélakeun *culture is the whole matrix of political, economic, social religi, institution as well to the belief, ideas and ideals that guide a people in their private and public endeavours*. Kabudayaan miboga fungsi pikeun ngaping sagala tingkah paripolah manusa sajeroning hirupna salaku mahluk individu jeung mahluk sosial enggoning nyungsi hirup babarengan.

#### **a) Wujud Budaya**

Lumangsungna kagiatan budaya geus dipilampah ku masarakatna ti bihari nepi ka kiwari. Hal éta nuduhkeun yén kabudayaan mangrupa sistem gagasan anu geus mekar sacara historis, sarta mibanda organisasi jeung struktur nu dilaksanakeun ku anggota masarakatna. Sistem gagasan nu sumberna tina akal manusa ngagelarkeun wangun tingkah laku anu tangtu, boh wangun *material* boh *non material*. Koentjaraningrat ngasongkeun tilu wujud kabudayaan, nya éta:

- 1) wujud *ideel* atawa komplek ide-ide nu sipatna abstrak;
- 2) wujud *sosial* (sistem kamasarakatan atawa komplek aktivitas tingkah laku; jeung
- 3) wujud *fisik* (barang-barang material) hasil karya manusa karingali ku panca indra.

Wujud nu kahiji aya dina alam pikiran manusa atawa anggota masarakat nu sifatna abstrak, dina harti teu bisa dicabak, jeung ditempo. Kabudayaan ideal ieu sok disebut ogé tata kalakuan, anu mibanda fungsi pikeun ngatur jeung méré pituduh kana kalakuan jeung paripolah manusa dina hirup kumbuh jeung papadana, dina wangun ajén (nilai), norma, hukum, atawa aturan-aturan, ideologi anu mibanda ma'na. Wujud idéal téh ayana dina pikiran masarakat di mana kabudayaan éta hirup. Ieu wujud téh bisa katalingakeun ngaliwatan media cetak atawa éléktronik.

Ajén-inajén nu aya dina éta wujud mibanda pungsi salaku palasipah, sawangan hirup (*Weltanschauung*) hiji kelompok masarakat. Kitu ogé aya patalina jeung kapercayaan sarta tujuan-tujuan kamasarakatanana. Contona waé aturan-aturan nu teu tinulis nu lumaku di masarakat Sunda, saperti tatakrama atawa sopan santun.

Wujud nu kadua nétélakeun kumaha prak-prakanana ngimplementasikeun aturan nu geus matok. Hal ieu bisa ditalungtik ngaliwatan tingkah paripolah saperti hubungan atawa interaksi anggota masarakatna dina kahirupan sapopoé. Interaksi anggota masarakat di daérah Sunda bisa katingali saperti dina wangun: gotong royong, musawarah, kumaha nyarita ka saluhureun, ka sasama, ka sahandapeun, hirup silihajénan, silihjeujeuhkeun, jeung sajabana.

Wujud budaya nu katilu mangrupa hasil karya cipta nu bisa karasa ku panca indra. Wujudna nembrak, bisa katingali, karampa, jeung karasa. Upamana waé **wawangunan** saperti: imah, kantor, mesjid; **pakéan** saperti: baju, calana, dudukuy; **pakakas** saperti, pacul, bedog, cukil, jeung sajabana.

#### **b) Unsur Budaya**

Kabudayaan mangrupa hasil tina cipta, rasa, jeung karsa manusa. Sabada maham kana harti kabudayaan, leuwih hadé lamun satuluyna apal kana unsur-unsurna. Nurutkeun Koentjaraningrat (1994: 9) nétélakeun lamun di unggal kabudayaan sélér bangsa di jerona bakal bakal kapanggih tujuh unsur kabudayaan.

Katujuh unsur anu dimaksud nya éta.

##### 1. Sistem réligi jeung upacara kaagamaan.

Koentjaraningrat (1985: 80-82) ngabagi sistem réligi kana lima komponén anu mibanda peran séwang-séwangan tapi mangrupa bagian tina hiji sistem anu silih pangaruhan. Kalima unsur anu dimaksud nya éta: (1) émosi kaagamaan, (2) sistem kayakinan, (3) sistem ritus atawa upacara, (4) properti upacara, jeung (5) umat agama.

Sistem upacara kaagamaan sacara husus mibanda opat aspék, nya éta (1) tempat lumangsungna upacara, (2) lumangsungna upacara, (3) pakakas nu digunakeun dina éta upacara, jeung (4) jalma atawa masarakat nu ngalaksanakeun éta upacara.

##### 2. Sistem organisasi kamasarakatan.

Sacara umum sistem organisasi kamasarakatan ngagunakeun tilu sistem organisasi sosial. Sistem organisasi anu dimaksud nya éta sistem pamaréntahan nagara, sistem pamaréntahan agama, jeung sistem pamaréntahan hukum adat. Hubungan sosial nu pangdeukeutna mah nya éta hubungan kakarabatan nu mangrupa kulawarga inti nu deukeut jeung hukum kerabat lianna.

##### 3. Sistem pangawéruh.

Élmu pangawéruh nya éta sagala hal anu dipikanyaho ngeunaan barang, sifat, kaayaan, jeung kahayang. Pangawéruh anu dimaksud ngawéngku (1) alam sabudeureunana, (2) sasatoan jeung tutuwuhan, (3) zat-zat, bahan olahan, jeung barang-barang nu aya di sabudeureunana, (4) raga manusana sorangan, (5) sifat jeung paripolah manusa, jeung (6) ruang jeung waktu.

#### 4. Basa.

Basa mangrupa pakakas pikeun ngawujudkeun budaya nu digunakeun ku manusa pikeun komunikasi, boh sacara tulisan, lisan, atawa gerak, nu miboga tujuan pikeun nepikeun maksud atawa kahayang panyatur ka pangregepna. Tur ku ngaliwatan basa éta, manusa bisa ngaluyukeun dirina jeung adat istiadat, paripolah, tatakrama masarakat, tur ngagampangkeun manusa campur gaul jeung papadana.

#### 5. Kasenian.

Sacara gurat badag kasenian kabagi kana dua bagian, nya éta:

1. seni *visual*, nya éta kasenian nu bisa dirasakeun ku indra panempo, saperti seni patung, seni relief, seni lukis jeung gambar, seni rias, seni tari, jeung seni drama.
2. seni *audio* nya éta kasenian nu bisa dirasakeun ku indra pangregeu, saperti seni vokal, seni instrumén, seni sastra (prosa jeung puisi), jeung seni drama.

#### 6. Sistem pakasaban.

Sistem pakasaban mangrupa upaya manusa pikeun nohonan pangabutuhna sacara materi.

#### 7. Sistem pakakas jeung téhnologi.

Pakakas nya éta parobot anu digunakeun pikeun ngagampangkeun hiji pagawéan. Sedengkeun téhnologi nya éta jumlah sakabéh téhnik anu dipibanda ku para anggota hiji masarakat, nya éta sakabéh cara paripolah dina hubunganna jeung ngumpulkeun barang olaheun nu disadiakeun ku lingkunganana

#### **c) Sistem Budaya**

Sacara sederhana sistem mangrupa kumpulan bagian-bagian anu babarengan silih rojong ngalakukeun hiji maksud atawa tujuan. Éta watesan sistem téh sifatna operasional. Ku lantaran kitu sistem mibanda kurang leuwih sapuluh ciri, nya éta: fungsi (*function*), beungkeutan (*unity*), watesan (*boundary*), wangun (*structure*), lingkungan (*environment*), hubungan (*relation*), proses (*process*), saran (*advice*), hasil (*output*), jeung baganti (*exchange*)

Sistem budaya mangrupa wujud anu abstrak dina budaya. Sistem budaya atawa *cultural system* mangrupa ide-ide jeung gagasan manusa anu hirup babarengan di hiji masarakat. Éta gagasan téh teu madeg mandiri kitu waé, tapi silihrojong jeung salilana aya patula-patalina. Ku lantaran kitu, sistem budaya mangrupa bagian tina kabudayaan, atawa

adat istiadat. Adat-istiadat éta ngawéngku sistem nilai budaya, norma-norma dumasar kana pranata-pranata nu aya di hiji masarakat.

#### d) Peradaban

Lumrahna yén unggal masarakat mibanda peradabanana sorangan. Unggal masarakat atawa sélér bangsa bisa dibédakeun dumasar tingkat peradabanana. Aya masarakat nu mibanda peradabanana leuwih luhur ti masarakatna séjénna, kitu deui sabalikna.

Peradaban atawa *civilization* mibanda harti anu rupa-rupa. Peradaban bisa dipaké pikeun masarakat primitip anu ngagambarkeun tradisi, minat, jeung cita-citana. Peradaban ogé bisa dipaké salaku tingkat kamekaran kabudayaan anu maju (Frederick Hertz, 1957). Sedengkeun Henry Pratt Freerchild (1962) ngawatesanan peradaban jadi tilu bagian, nya éta:

- 1) peradaban dinamis; *society at the upper cultural level which is characterized by constant change or cultural alteration;*
- 2) peradaban ideal; *a condition of human society conforming to any ideal pattern;*
- 3) peradaban statis; *statis, society at the upper culturral change.*

Istilah peradaban dipaké pikeun bagian-bagian jeung unsur-unsur tina kabudayaan nu geus leuwih mekar atawa maju. Bisa ogé disebut galeuh budaya atawa ajén-inajén (nilai-nilai) budaya. Peradaban sipatna leuwih abstrak sabab leuwih raket patalina jeung konsép sarta hasil mikir, saperti mekarna élmu pangawéruh jeung teknologi, luhurna ajén karya seni, tingkat ajén kahirupan manusa saperti tingkah laku, sopan santun, budi basa jeung norma-norma séjénna nu lumaku di masarakat. Tingkat peradaban bisa ngabédakeun antara kelompok hiji manusa jeung manusa, atawa hiji bangsa jeung bangsa séjénna.

Clyde Kluckhohn nandeskeun yén ajén-inajén budaya téh mangrupa hiji konsép nu eksplisit atawa implisit nu ngajadikeun jati diri saurang individu atawa sakelompok masarakat dina hal-hal anu dipikaresepna sarta mangaruhan kana milih (nangtukeun) rupa-rupa cara, alat, jeung tujuan-tujuan anu dipilampahna.

Ajén-inajén budaya mibanda orientasi, nya éta mangrupa beungkeutan konsépsi umum anu mangaruhan kana kagiatan manusa sabudeureunana saperti hubungan antar manusa.

Implementasi ajén-inajén budaya ngawengku sawatara hal saperti:

- 1) ajén teori nu nangtukeun idéntitas hiji karya;
- 2) ajén ekonomi nu mangrupa utilitas (guna jeung paédah) hiji barang;
- 3) ajén seni nu ngajirim tina hiji ékspresi (saperti gerak, wujud, motif, jsb);
- 4) ajén politik nu timbul balukar ayana hiji kawijakan atawa aturan ;
- 5) ajén solidaritas nu ngajanggélék tina ayana duduluran, asmara, gotong-royong, jsb.
- 6) ajén agama nu ngawangun kasucian, kamurnian atawa kakudusan.

Peradaban atawa ajén-inajén budaya téh raket patalina jeung hakékat manusa nu mibanda orientasi spiritualisme jeung materialisme. Orientasi spiritualisme leuwih museur kana kagiatan-kagiatan religi, nepi ka timbul istilah hadé jeung goréng (saperti dina karep, i'tikad atawa prilaku) Sedengkeun orientasi materialisme leuwih museur kana kumaha carana nyumponan pangabutuh jasad atawa pisik, saperti rupa-rupa tujuan dina pakasaban. Aya nu pakasaban pikeun kapentingan hirup wungkul, aya ogé nu pikeun kalungguhan, atawa ngahontal tarap kahirupan anu leuwih onjoy ti batur.

Masalah-masalah anu disanghareupan dina peradaban raket patalina jeung dimensi waktu budaya, nya éta mangsa kamari, kiwari, jeung bihari. Utamana kumaha carana ngungkulan perkara-perkara nu karandapanana sacara *linealism* (saurang keur saréréa), *collateralism* (kelompok), jeung *individualism* (hak individu).

#### e) Kapribadian

Kabudayaan jeung kapribadian mibanda hubungan anu kacida raketna. Kapribadian atawa *personality* mangrupa watak anu dipibanda ku saurang individu kalawan konsistén sarta mangrupa identitas diri anu ajeg mandiri anu ngabédakeun tina individu-individu séjénna. Hal ieu sacara husus dikaji dina widang élmu Antropologi, nya éta dina *Culture and Personality* atawa Antropologi Psikologi. Premis dasar nu kapanggih dina ieu kajian nétélakeun, upamana baé dina cara ngasuh budak (pola pengasuhan anak) dina hiji kabudayaan nu tangtu baris ngahasilkeun hiji struktur kapribadian nu luyu jeung ajén-inajén poko kabudayaan jeung institusi-institusina. Prosés ngasuh budak ti mimiti bayi (*child réaring practice*) atawa ngarawat orok ti mimiti dilahirkeun, mangku, ngahuapan, ngamandian, ngajak nyarita, basa nu dipaké, nepi ka nyarékeun, gedé pisan pangaruhna kana kamekaran kapribadian budak. Hal ieu bisa katangén dina sikep éta budak sanggeus déwasa. Sabab prilaku kolot ka budak bakal mangaruhan kana kapribadianana sanggeus éta budak déwasa. Anu katangén biasana saperti rasa percaya diri (PD), mandiri, kabébasan, persaingan sehat, jeung sajabana.

Abraham Kardiner dina Imran Manan (1989:47) nétélakeun yén pangalaman sosial di hiji kulawarga, utamana mangsa ngasuh jeung dina teknik subsistensi baris ngahasilkeun struktur kapribadian anu sarua jeung anggota masarakat tempat éta budak digedékeun.

Unsur-unsur anu nyangkaruk dina kapribadian saurang jalma nya éta pangawéruh, perasaan, jeung dorongan naluri. Unsur anu aya dina pangawéruh ngawéngku persepsi: sakabéh proses akal nu dilaksanakeun kalawan sadar; persepsi: ébréhan hasil pamikiran nu anyar nu dibarengan ku pamahaman anyar; pangamatan: ngébréhkeun kalawan intensif kana hiji hal nu dibarengan ku kagiatan museurkeun pamikiran; konsép: ébréhan pamikiran anu sifatna abstrak; fantasi: ébréhan anyar nu teu réalistis. Sedengkeun dorongan naluri nya éta hiji tarékah nu geus nyampak dina diri saurang jalma sacara alamiah pikeun hirup, nyalurkeun syahwat, néngan dahareun, interaksi, nyonto, babakti, jeung kaéndahan.

## I.2 Fungsi Jeung Peranan Kabudayaan

Budaya anu dipibanda ku masarakat salaku mahluk sosial mibanda fungsi enggoning ngajaga lumangsungna kahirupan, neruskeun jeung ngabina turunan, nyusun jeung ngararancang sagala prilakuna. Lian ti éta budaya ogé bisa nyumponan kasugemaan masarakatna enggoning nganteur naluri, karep jeung sikep kana pangabutuh hirupna.

Kerber jeung Smith nétélakeun sababaraha fungsi jeung peranan kabudayaan dina kahirupan manusa, nya éta:

- pikeun neruskeun jeung ngasuh turunan enggoning ngabina jeung ngajaga lumangsungna kahirupan biologis di kelompok sosialna;
- pikeun kamekaran kahirupan ekonomi, ngahasilkeun jeung ngamekarkeun barang-barang ekonomi;
- pikeun transmisi kabudayaan, cara-cara ngadidik, jeung ngawangun generasi anyar ngajadikeun jalma-jalma déwasa anu ngabudaya;
- pikeun kadali sosial, nya éta cara-cara anu ditetepkeun pikeun panyalindungan individu jeung kelompok enggoning ngahontal hirup nu sajahtera;
- pikeun hiburan, saperti rékréasi, nyalurkeun aktivitas atawa karancagéan, enggoning nyumponan pangabutuh nu nimbulkeun kasugemaan batin.
- pikeun kagiatan kaagamaan, nya éta ngungkulan hal-hal anu patalina jeung kakuatan anu sipatna gaib.
- Pikeun konservasi

## I.3 Parobahan Kabudayaan

Parobahan kabudayaan atawa parobahan sosial kabudayaan biasana lumangsung lantaran ayana rupa-rupa faktor, boh nu jolna ti jero, boh ti luar masarakat. Murdock dina Imran Manan (1989:50) nétélakeun yén faktor-faktor anu ngalantarankeun robahna sosial budaya hiji masarakat téh nya éta:

1. Nambahna jeung ngurangana jumlah penduduk,
2. Robahna lingkungan géografis,
3. Pindah ka lingkungan anyar,
4. Kontak jeung budaya séjén,
5. Pancabaya , saperti banjir, gagal panén, perang, depresi ekonomi, épidemi, jrrd.,
6. Gunta-gantina pamingpin
7. Ayana pamanggih anyar.

## 1.4 Tahap-tahap Parobahan Kabudayaan

**Tahap Mitis**, nya éta jaman anu kahirupan masarakatna masih percaya kénéh kana déwa-déwa, roh-roh karuhun, barang-barang karamat.

Dina ieu jaman digambarkeun jalma-jalma anu ngalaksanakeun hubungan langsung jeung kakuatan-kakuatan alam nu serba ngandung rusiah sarta can karambah ku rupa-rupa teknologi jeung pamikiran rasional.



Numutkeun kaum romantis, jalma-jalma anu aya dina alam mitis nya éta jalma-jalma anu pola pikirna basajan, siga nu bubudakeun, can kapanggih masalah-masalah anu musingkeun saperti jalma moderen. Dunya maranéhna masih pinuh ku kakuatan-kakuatan gaib, dilimpudan ku rupa-rupa rusiah alam nu interesan pisan.

Numutkeun kaum rasional (anu ngabédakeun rasio atawa akal budi sarta kamampuh alam pikiran ilmiah), nganggap handap kana kabudayaan mitis, nganggap alam pikiran mitis téh primitif, teu ilmiah. Levy Bruhl (Sarjana Prancis) nyebutkeun yén alam pikiran mitis téh nya éta "pralogis", sanajan ahirna mah éta pamanggihna téh dicabut deui sanggeus nalungtik yén alam pikiran dina tahap mitis ogé sarwa logis teu éléh ku cara mikir alam modern.

Dina mitos, urang bisa merhatikeun kumaha jalma nyusun hiji strategi, ngatur hubungan antara kakuatan manusa jeung alamna. Mitos disebut ogé carita anu ngagambarkeun padoman jeung arah anu tangtu ka sakelompok jalma. Éta carita gumelarna sacara lisan, ogé bisa ngaliwatan rupa-rupa tarian atawa pagelaran séjénna saperti wayang, wawacan, jeung sajabana. Eusi carita mangrupa symbol-simbol kahadéan, kajahatan, ajal jeung kahirupan jeung sajabana anu mangrupa hasil pangalaman ku jalma mangsa baheula.

Mitos mibanda fungsi nya éta pikeun nyadarkeun jalma kana ayana kakuatan-kakuatan gaib. Mitos teu nepikeun bahan informasi ngeunaan kakuatan-kakuatan, tapi ngabantu jalma sangkan ngaapresiasi kakuatan anu mangaruhan jeung ngawasa alam jeung kahirupan jalma harita.

Kahirupan dina tahap mitis dibagi dua kelompok, nya éta kahiji kagiatan nu sifatna *sacral* (sanget) sabalikna tina *profan*. Ieu kagiatan mangrupa kabiasaana nu geus maneuh, saperti tatarian pikeun nolak bala, upacara adat ngadegkeun imah, ngaruat, nyawah, panén, jeung sajabana. Anu kaduanya éta kahirupan sapopoé anu nganggap biasa kana sagala rupa hal, tapi dina mangsa-mangsa anu tangtu sok nyampuradukeun kayakinana jeung kakuatan gaib alam sabudeureunana.

**Tahap Ontologis**, nya éta jaman anu masarakatna geus mikir sacara rasional, ngaleupaskeun diri tina tahap mitis kana alam nyata nu sabenerna. Dina ieu jaman timbul ayana élmu pangawéruh saperti filsafat jeung cabang élmu-élmu séjénna boh élmu social boh élmu eksakta. Dina ieu jaman masih kénéh aya jeung napel pangaruh tahap mitis.

**Tahap Fungsional**, nya éta jaman anu masarakatna geus maju (modern). Mangrupa jaman anu masarakatna geus ngécagkeun pikiran-pikiran anu sipatna mitis jeung ontologis.

## BAB II

# MANUSIA, KABUDAYAAN JEUNG LINGKUNGAN

### 2.1 Purwawacana

Geus bawaning ti kudrat, kangaraning manusa éstu gumulung jeung lemburna, suméndér kana alam sabudereunana.

Aworna manusa jeung lingkunganana téh tétéla lain ngan pikeun nyumponan pangabutuhna wungkul, tapi pikeun maliré jeung makihikeun éta lingkungan deuih, nu nétélakeun yén manusa téh bagian tina lingkungan (Bintarto, 1979). Pon kitu deui mun disawang tina jihat séjénna, lingkungan sabudereunana téh bagian tina dirina. Ku kamotékarana, manusa téh diperedih sangkan milu masieup lingkunganana.

Kamampuh manusa pikeun makihikeun jeung ngaropéa lingkungan téh ngindung kana kabudayaan nu dipibandana. Malah bisa disebutkeun, manusa, kabudayaan jeung lingkungan téh éstuning gumulung, dalit lir gula jeung amisna. Mun cék Slotkin (Adimiharja, 1993) téa mah "*the organism and its environment must be suited to each other*". Jadi, tétéla hubungan silih untungkeun (*simbiosis mutualisme*) ti antara manusa jeung alam sabudereunana téh pohara perluna. Cindekna, sangkan mahluk hirup bisa tetep renggenek minangka bagian integral tina lingkunganana, tinangtu kudu bisa nyaluyukeun dirina jeung lingkunganana.

Lingkungan téh tangtu baris ngarojong kahirupan manusa enggoning nangtukeun gurat hirupna. Nurutkeun Forde (1963) patalina kagiatan manusa jeung alam sabudereunana téh dina seuhseuhanana mah tumali jeung ayana pola-pola kabudayaan nu nyampak dina diri manusa boh minangka individu boh minangka anggota masarakat.

Ari lingkungan téh lian ti ngawengku lingkungan fisik ngawengku lingkungan sosial budaya deuih. Munasabah upama manusa disawang minangka mahluk *biososibudaya* (Adimihardja, 1993). Ieu konsép ngandung harti yén pangaweruh manusa téh kudu bisa digunakeun pikeun ngalenyapan, maliré, jeung nyurahan lingkungan jeung pangalamanana, nu engkéna baris milu mageuhan adeg-adeg tingkah paripolahna enggoning hirup gumulung jeung masarakat (Suparlan, 1980). Cék pamanggih Geertz (1973) téa mah kabudayaan téh "mekanisme kontrol", nyaéta mékanisme pikeun niténan paripolah manusa. Ari ku Keesing jeung Keesing (1971) mah disebutna téh "pola tingkah paripolah manusa". Cindekna, kabudayaan téh sajumlahing aturan, pituduh atawa resép tina rupa-rupa modél kognitif nu digunakeun ku manusa kalawan seléktif luyu jeung lingkunganana, kitu nurutkeun Spradley, (1972). Nya ku ayana kabudayaan téa manusa diperedih sangkan mampuh ngadumaniskeun interaksi jeung sasamana katut alamna, nu ahir baring bakal ngawariskeun ajén-inajén anu gedé mangpaatna pikeun hirup jeung huripna unggal generasi.

Mungguh manusa téh ukur sakeprul tina rupaning kahirupan. Unggal mahluk nu kumelip di ieu alam ngabogaan kalungguhan luyu jeung sunatulloh. Manusa téh aya sasaruanaana jeung mahluk séjénna nyaéta mu'jijat kahirupan. Ngan bédana manusa mah ngabogaan kalungguhan anu kawilang onjoy nyaéta ku akal-budina. Ku akal-budina manusa téh ngemban pancén budaya dina raraga makihikeun jeung ngajaga lingkunganana tina karuksakan (Sostrosupeno, 1984).

## 2.2 Konsep Ekologi

Elmu pangaweruh anu neuleuman hubungan timbal-balik antara mahluk hirup jeung lingkungan disebut ekologi asalna tina basa latin "oikos" anu hartina nyaéta "imah atawa tempat" jeung "logos" nu hartina "elmu", jadi sacara harfiah ekologi téh nyaéta "Ilmu yang mempelajari mahluk hidup dalam rumah tangga mahluk hidup", atawa bisa oge dihartikeun sabage "Ilmu tentang rumah tangga mahluk hidup".

Numutkeun Parsudi Suparlan (1980:20; Tax.1953;243) netelakeun yén hubungan manusa, kabudayaan, jeung lingkungan téh mangrupa "Tri lingga" anu teu leupas tina saling jalin menjalin secara secara integral. Lingkungan nyaéta tempat hirup manusa, salian tempat hirup lingkungan oge mangrupa tempat sosio budayana. Ku kituna konsep manusa kudu dipahami salaku mahluk nu sipatna "biososio budaya" atawa *The Organism and its environment must be suited to each other* (salah sahiji bentuk tina arsitektur) (Slotkin, 1950 : 83-138). Suparlan oge oge nyebutkeun yén hubungan antara kagiatan manusa jeung lingkungan alam téh diwatesan ku pola-pola kabudayaan manusa pasti terus ngalakukeun adaptasi terhadap lingkungan. Dina proses adaptasi eta manusa ngamanpaatkeun (mendayagunakan) lingkungan supaya bisa lumangsungna hirup.

## 2.3 Kamekaran Ekologi Manusa

Manusa, budaya jeung lingkungan téh mangrupa tilu fakta anu teu leupas tina aliran/paham anu nyakup kana : lingkungan alam jeung kakuatan aktif, anu méré warna kana pola kabudayaan manusa.

1. Kekuatan aktif, numutkeun salim(1967:132) netélakeun yén lingkungan téh anu nangtukeun parobahan minangka alat mekanis, manusa mah ngan saukur narima anu sok disebut aliran atawa paham environmental determinism, anu dumasar kana berpikir geographical determinism.

Friedrich Ratzel ahli biologi urang Jerman dina taun 1889 manehna nulis sacara sistematis ku cara ngagunakeun data-data ethnografis, ngajaran ngamekarkeun pandangannana ngeunaan "sebab-akibat" geografis ngalahirkeun cikal-bakal kajian elmu-elm sosial jeung kabudayaan anu disebut aliran "antropogeografi".

Numutkeun paham environmental determinism netelakeun yén lingkungan alam téh anu nangtukeun corak kabudayaan, tapi aya oge anu netelakeun yén dina kabudayaan téh aya variasi anu tangtu anu teu leupas tina pangaruh geografis, anu mangrupa gejala pangabutuh wungkul. Gejala kabudayaan ngan bisa dijéntrékeun jeung dianalisis dumasar pangaruh lingkungan (Morgan, 1971, spk).

2. Lingkungan alam, aliran *environmental possibilism* atawa *historical particularism*. Numutkeun pandangan ieu netelakeun yén lingkungan alam téh henteu nangtukeun warna kabudayaan, tapi ngan ukur nawarkeun kamungkinan jeung manusa ngamangpaatkeun saluyu jeung teknologi anu dipikabisana (dikuasainya).

Numutkeun paham *environmental possibilism* nyebutkeun yén lingkungan nyadiakeun materi anu ku manusa diropéa jeung dimanpaatkeun salaku alat dina kahirupan sapopoé.

Thomas (1925:284) nyebutkeun yén lingkungan alam memang berpengaruh kana kabudayaan, tapi henteu nangtukeun corak kabudayaan. Jadi sacara selintas bisa dicindekkeun yén perbedaan corak berpikir *environmental determinism* nu bisa disebut oge geografis *determinism* jeung *environment possibilism* atawa *historical particularism*, kadua aliran eta mangrupa pamarekan awal dina kajian ekologi manusa.

#### **2.4 Sababaraha Konsep Dasar Ekologi Manusa**

Aya sababaraha konsep dasar anu perlu dipahami dina studi ekologi manusa, di antarana nyaéta ngeunaan proses adaptasi, ekologi manusa, diantarana nyaéta ngeunaan proses adaptasi, ekosistem, jeung relung (*niche*).

Kecap adaptasi asalna digunakeun dina bidang biologi, tuluy ilmu-ilmu sosial jeung budaya pikeun narékahan pikeun maham ngeunaan pola manusa dina nyaluyukeun dirina jeung lingkungan alam dina raraga lumangsung jeung kamekaran kahirupanana. Alexander Alland Jr (1975), nyebutkeun yén aya dua masalah anu muncul patali digunakeunana istilah adaptasi dina widang studi ilmu-ilmu sosial jeung budaya. Ku hiji istilah eta bisa digunakeun dina widang biologi ayeuna digunakeun pikeun ngajéntrékeun gejala psikologis jeung kabudayaan dina proses parubahan anu sipatna evolusi. Ka dua nyaéta pikeun ngajelaskeun ciri-ciri anu husus dina hubungan interaksi manusa jeung lingkungan.

Bennett (1976 : 846) nyebutkeun yén adaptasi manusa jeung lingkungan alam téh nyaéta mangrupa kamampuan manusa pikeun ngawangun citra (*image*) dina dunya fisik (*material*) anu teu bisa leupas tina realitas empiris.

Tujuan strategi adaptasi nyaéta pikeun memahami dimana pilihan terbesar anu dijieun manusa, bisa mangaruhan bentuk kahirupan anu leuwih lega. (Battinger, 1978 : 27-46)

Ka dua nyaéta diversifikasi jeung intensifikasi pola mata pencarian anu satuluyna ngalibatkeun pamarentah pikeun nyegah penduduk ngaruksak lingkungan anu terus tambah parah.

Tina sababaraha urayan di luhur, bisa dicindekkeun yén adaptasi nyaéta mangrupa usaha manusa atawa mahluk hirup lainna pikeun nyaluyukeun diri terhadap lingkungan anu tangtu dina ngamangpaatkeun sumber daya pikeun nyegah atawa nyanghareupan masalah anu ngadadak (*survival*).

Konsep sentral lainna dina kajian ekologi manusa nyaéta ekosistem, salah sahiji sistem ekologi anu terbentuk ku hubungan timbal-balik antara manusa jeung lingkunganana. Dina konsep ekosistem dipandang yén sababaraha unsur dina lingkungan hirup mangrupa "anu hubunganana saling berkaitan dina sistem anu tangtu (holistik). Konsep ekosistem aya dina berbagai gejala alam atawa dilakukeun terhadap sakabeh jenis mahluk hirup di dunya boh nu sipatna organik boh inorganik (manusa, tatangkalan, sato, materi, energi jsb) secara fungsional saling berhubungan. Ku kituna konsep ekosistem the ngabantu neuleuman pola interaksi antara manusa jeung lingkungan.

Konsep dasar lainna dina kajian ekologi manusa nyaéta konsep relung (*niche*). Otto Soemarwoto (1983 : 34-35) nyebutkeun yén sakabeh mahluk hirup ngabogaan tempat hirup anu disebut habitat, lamun sipat habitat eta robah nepi ka titik maksimum atawa minimum, maka eta pasti punah atawa kudu pindah ka tempat sejenna ngaliwatan proses adaptasi eta terjadi perkembangan karakteristik anyar anu bisa ngalahirkeun jenis mahluk anyar. Profesi mahluk dina habitatna disebut "relung". Habitat eta mangrupa tempat pamusatan organisme jeung relung nyaéta profesina dina wangenan biologi (Bannett, 1976 : 170).

## 2.5 Pamarekan Ekologi Manusa

Dina raraga maham patali interaksi manusa jeung lingkunganana, aya sababaraha model pamarekan anu bisa digunakeun di kalangan para ahli ekologi manusa diantarana nyaéta :

1. model pamarekan Julian Stewart
2. model pamarekan Leslie A White, ieu pamarekan the ilahar sok di sebut neo evolusi atawa model pamarekan sistem

Nurutkeun Stewart dina bukuna teori *culture change* (taun 1930) anu ngagunakeu konsep ekologi anu minangka alat analisis yén ayana hubungan cirina lingkungan anu sifatna spesifik oge. Manehna oge nyebutkeun kabudayaan ngalaman proses perkembangan anu sarua dina tahap awalna (masa antropoid) tapi dina tahap satuluyna elemen-elemen kabudayaan anu tangtu ngalaman perkembangan anu ka dua (spesifik) lantaran di pangaruhan ku lingkungan.

Sedengkeun Leslie White netelakeun model pamarekan anu di jangelekkkeun dina tulisanana "energi evolution of culture (1949) manehna leuwih nandeskeun segi evolusi tibatan model adaptasi anu spesifik. Nurutkeun Leslie aspek energi mangrupa faktor determinan dina proses parobahan sosial-budaya. Anjeuna ngabogaan anggapan yén kamekaran sosial budaya téh ditangtukeun ku energi anu digunakeunana. Sedengkeun kabudayaan minangka salah sahiji jenis organisasi energi. Sumber energi anu digunakeun dina sistim budaya asalna tina awak manusa sorangan. Ngeunaan rumusan evolusi dipidangkeun ieu di handap

$$C = ExT, \text{ dimana } C = \text{ sosial budaya} \\ E = \text{ komsumsi energi/kapita} \\ T = \text{ kualitas teknologi anu digunakeun}$$

## BAB III

# KABUDAYAAN SUNDA

### 3.1 Istilah Sunda jeung Jawa Barat

Nurutkeun R.W. Van Bemmelen (1949), Sunda téh nya éta hiji istilah anu digunakeun pikeun méré ngaran dataran bagéan barat laut wilayah Indonésia Timur, sedengkeun dataran bagéan kidul-ngétan dingaranan Sahul. Dataran Sunda téh dikurilingan ku sistem Gunung Sunda. Dina buku-buku élmu bumi dipikawanoh aya istilah *Sunda Besar* jeung *Sunda Kecil*. Nu dimaksud Sunda Besar téh nya éta gundukan pulo anu ukuranana gedé, anu ngawincik Sumatra, Jawa, Madura, jeung Kalimantan. Sedengkeun Sunda kecil téh nya éta dérétan pulo anu ukuranana laeutik anu ayana di beulah wétaneun Pulo Jawa, ti mimiti Pulo Bali nepi ka Pulo Timor (Bemmelen, 1949: 15-16).

Nurutkeun data sajarah mah, istilah Sunda anu nuduhkeun wangenan wilayah di bagéan kulon Pulo Jawa, munggaran muncul dina abad ka-9 Maséhi. Istilah éta téh kacatet dina prasasti di Kebon Kopi, Bogor ngagunakeun aksara Jawa Kuno jeung basa Melayu Kuno.

Pituduh ngeunaan waktu ngadegna Karajaan Sunda aya dina sumber skundér, nya éta dina naskah nu ngagunakeun basa Sunda Kuno. Nurutkeun sumber ieu, Karajaan Sunda diadegkeun ku Maharaja Tarusbawa (Pleyte, 1914:257-287). Nurutkeun naskah *Nagarakrétabhumi*, Maharaja Tarusbawa maréntah dina taun 591-645 Saka/670-724 M. Anjeunna téh minangka penerus raja-raja Tarumanagara (Atja & Ayatrohaédi: 1986: 157, 227).

Lamun téa mah data sékundér éta bisa dipercaya, hartina Karajaan Sunda ngadeg dina ahir abad ka-7 M atawa abad ka-8 M. Jadi, istilah Sunda mimiti digunakeun pikeun ngaran karajaan téh mimiti harita. Kecap *Suddha* dina basa Sanskerta dipaké pikeun ngaran hiji gunung anu aya di wilayah éta, nya éta gunung Sunda, nu hartina bodas cahayaan. Istilah Sunda salaku ngaran karajaan aya dina Prasasti *Sanghyang Tapak* dina ahir abad ka-15. Prasasti éta ngagunakeun basa Jawa Kuno sarta kapanggihna di Cibadak, Sukabumi. Prasasti *Sanghiyang Tapak* dikaluarkeun ku *Sri Jayabhupati* dina taun 952 Saka atawa 1030 M. Anjeunna nyebutkeun dirina salaku Raja Sunda. Dina prasasti *Kabantenan* disebutkeun ayana dayeuh nu ngaranna Sunda Sembawa. Salian ti éta ogé dina naskah *Carita Parahiangan*, *Sanghyang Siksa Kanda Ng Karesian*, *Sewaka Darma*, jeung *Bujangga Manik*, disebut-sebut ngeunaan istilah Sunda.

Saterusna, éksisténsi Karajaan Sunda disaksian ku sababaraha urang Portugis dina awal abad ka-16. Di antarana waé ku Tom Pires. Manéhna ngayakeun lalampahan ka unggal pelabuhan, di antarana pelabuhan nu dikawasaan ku Kerajaan Sunda. Dina sumber anu asalna ti Jawa jaman Majapahit, karajaan atawa wilayah di bagian kulon Pulo Jawa téh sok disebut Sunda. Dina naskah *Pararaton* anu eusina carita ngeunaan Karajaan Singosari jeung Karajaan

Majapahit ditulis, nurutkeun kolofonna, dina taun 1535 Saka atawa 1613 M dina basa Jawa kuno, Sunda disebut salaku karajaan nu mandeg mandiri kalawan rajana sang Prabhu Maharaja sarta rahayatna (wong Sunda) ogé sacara nyorangan disebut-sebut dina peristiwa *Pasunda Bubat*.

Sanggeus Karajaan Sunda tumpur (1579), wilayahna kabagi-bagi jadi Sumedanglarang, Banten, Cirebon, jeung Galuh, anu séwang-séwangan mandeg mandiri. Sumedanglarang jeung Galuh tuluy ngahiji jadi sawilayah kalawan ngaran Priangan. Satuluyna, urutan wilayah Karajaan Sunda éta téh disebut Lemah Sunda atawa Tatar Sunda atawa Pasundan. Dina kamekaran saterusna justru Priangan ditilik salaku puseur Tatar Sunda.

Dina kamekaran séjén istilah Sunda digunakeun ogé dina konotasi manusa atawa sakumpulan manusa, nya éta ku sebutan *urang Sunda*. Urang Sunda téh nya éta anu ngaku dirina jeung diaku ku nu séjén salaku urang Sunda. Ku urang Cirebon nu cicing di daérah basisir mah, urang Sunda téh sok disebut *urang gunung*, *wong gunung*, atawa *tiyang gunung*. Gedé kamungkinan timbulna éta sebutan téh sanggeus ayana angkeuhan yén puseur Tatar Sunda téh Priangan. Priangan mémang mangrupa wewengkon pagunungan kalawan punclut nu laluhur. Sunda ogé dipatalikeun kalawan raket jeung kabudayaan, nya éta kabudayaan Sunda. Kabudayaan Sunda téh nya éta kabudayaan anu hirup, tumuwuh, jeung mekar di kalangan urang Sunda anu dina umumna mah ngadomisili di Tatar Sunda.

Geus jadi kacapangan jeung kacatet dina sababaraha literatur yén istilah Jawa Barat téh asalna ti urang Walanda salaku tarjamahan tina istilah *West Java*. Istilah *West Java* sigana mah muncul dina abad ka-19 M, nalika Pulo Jawa geus dikawasaan sagemblengna ku pamaréntahan kolonial Hindia Belanda sarta dirasa perlu pikeun ngalakukeun pembagian wilayah kana Pulo Jawa pikeun kapentingan administrasi pamaréntahan jeung militér. Dumasar kana pertimbangan militér, patali jeung kasus Perang Diponegoro (1825-1830), pangawasa Hindia Belanda ngabagi Pulo Jawa jadi tilu daérah militér, nya éta Daérah Militér I *West Java*, Daérah Militér II *Midden Java*, jeung Daérah Militér III *Oost Java*. Penggunaan istilah *West Java*, *Oost Java*, jeung *Midden Java* jadi resmi jeung populér mimiti taun 1925.

Dina masa pamaréntahan Jepang, pembagian wilayah administrasi pamaréntahan tingkat provinsi dieuweuhkeun. Sanggeus Indonésia merdéka, wilayah administrasi pamaréntahan tingkat provinsi diayakeun deui, sarta nerus nepi ka kiwari.

Nepi ka danget ieu wangenan Jawa Barat ngan saukur ngandung wangenan wilayah anu raket patalina jeung pembagian wilayah administrasi pamaréntahan, teu ngandung wangenan kabudayaan jeung atawa manusa, béda jeung istilah Sunda nu ngandung wangenan rupa-rupa. Sacara hitoris dina wangenan wilayah, dua istilah ieu ngabogaan wangenan nu sarua, najan eusina mah saeutik aya bédana.

### 3.2 Jawa Barat minangka Wadah Kabudayaan Sunda

#### 1. Lokasi

Sacara géografis, Jawa Barat, tempat kabudayaan Sunda lahir aya dina posisi antara 5°50' kalawan 7°50' Lintang Selatan jeung antara 104°48' kalawan 108°48' Bujur Timur. Lega wilayahna nya éta 46.890 km<sup>2</sup>. Dumasar kana pembagian daérah administratif, kiwari wilayah Jawa Barat ngawincik Provinsi Jawa Barat, DKI Jakarta, jeung Provinsi Banten. Provinsi Jawa Barat legana kira-kira 33.700 km<sup>2</sup>, DKI Jakarta kira-kira 590 km<sup>2</sup>, jeung Provinsi Banten kira-kira 12.600 km<sup>2</sup>.

Wates Jawa Barat beulah wétan nya éta Jawa Tengah, Laut Jawa jeung DKI Jakarta Raya beulah kalér, Provinsi Banten beulah kulon, jeung Samudra Hindia beulah kidul. Walungan Cilosari jeung Citanduy mangrupa wates alam antara wilayah Provinsi Jawa Barat jeung Provinsi Jawa Tengah. Iwal di beulah wétan, Jawa Barat dikurilingan ku laut.

#### 2. Lingkungan Alam

Ditilik tina unsur-unsur utama struktur fisiografina, Pulo Jawa bisa dibagi jadi dua bagian. Nu kahiji, bagian kidul anu ngandung *geanticline* jeung ngawujud daérah pagunungan. Kadua, bagian kalér anu ngandung *geosycline* jeung ngawujud dataran rendah. Jawa Barat, nurutkeun fisiografisna, ngawincik wilayah antara Banten jeung Cirebon. Wilayah ieu ngawujud dataran rendah *aluvial* di bagéan kalér jeung pagunungan di bagéan kidul.

Kaayaan alam nu tropis méh unggal taun kakocoran hujan ngajadikeun hawa wewengkon Jawa Barat tiis henteu panas henteu. Kaayaan taneuhna ogé kawilang subur nu mangrupa taneuh vulkanik sésa gunung bitu. Di Jawa Barat ogé beunghar ku rupa-rupa jenis tatangkalan jeung sasatoan. Ngaran Jawa Barat jadi kakoncara di dunya lantaran di wewengkon ieu hirup sato badak bercula satu. Éta badak téh kiwari ngan hirup di kawasan Cagar Alam Ujung Kulon. Jenis sato séjén nu boga beungkeutan raket jeung kahirupan sosial budaya di Jawa Barat nya éta maung, lutung, monyét, kuya, buhaya, mencek, kuda, munding, banténg, anjing, babi, manuk béo, ucing, beurit, kukupu, hileud, manuk tikukur, oray sanca, jeung sajabana.

### 3.3 Adat-Istiadat Urang Sunda

Kecap *adat* téh asalna mah tina basa Arab, dina basa Sunda mah nya éta ilahar, umum, lumrah, hartina téh sagala hal anu weléh tetep atawa mindeng diterapkeun ka manusa atawa sato anu ngabogaan nyawa. Jadi, dina basa Arab mah *adat* téh ampir sarua hartina jeung tabéat. Ngagunakeun kecap adat téh sabisa-bisa digunakeun pikeun ngaleskeun pagawéan, kalakuan, anu nyieun kahadéan jeung jalma séjén, anu sarua adatna jeung tata cara dina umumna anu aya di hiji désa atawa hiji nagara, saagama, atawa sarua kabudayaanana. Lamun



adat éta dirumpak, mangka nu ngarumpakna téh kudu ka luar ti éta lingkungan adat kabiasaan hiji kelompok téa.

Anapon aya nu sok nyebut adat kana tahayul, éta mah lain adat anu dipercaya, tapi adat kapercayaan. Nepi ka sok aya paribasa *adat leuwih kuat batan warah*, nya éta adat nu dibawa ti kudrat.

### 3.3.1 Adat Ngalahirkeun

#### a. Mangsa Kakandungan

Geus jadi adat pikeun urang Sunda mah, anu masih kénéh nyepeng panceg kana adat karuhunna, lamun aya salaki pamajikan, heug dina hiji mangsa si salakina téh ngarasa sebel hayang utah waé sarta hayang waé dahar anu haseum-haseum utamana bungbuahan, kajadian kitu téh cenah tandaning pamajikanana bakal ngandung. Sanggeus bérés salakina nyiram, tuluy pamajikanana. Lilana téh nepi ka tilu bulan.

Ceuk kolot mah, sababna nu nyiram sok sebel waé téh lantaran keur diasupan bali. Pikeun nyageurkeunana nya ku kadaharan anu haseum-haseum téa. Aya kalana muncul sipat anu minculak atawa anéh ti nu nyiram mah. Saperti ngéwa ka salaki, hiji jalma, gampang kasigeung, teu paya ngambeu sangu jsté. Mangka geus jadi babasaan pikeun jalma nu teu nyiram heug sipatna gampang kasigeung atawa sagala hayang gancang diturut, gedé ambek, biasana sok disebut *kawas nu nyiram baé*. Kitu ogé ka jalma nu gering, loba nu dipikahayang, hayang itu hayang ieu, sok disebut *mulangkeun panyiraman*.

Aya deui adat nu nyiram téh nya éta teu kaop nempo dahareun sok kabita. Biasana mah nu sok dipikahayangna téh nya éta dahareun anu ku batur keur didahar. Aya deui nu nyiram téh sok ngadahar hampo, nya éta taneuh liat urut ngaduruk kenténg. Biasana mah nu dipikahayang ku nu nyiram téh barang nu teu mahal, mangkana sok aya nu nyarita "*geuwat béré lantaran keur nyiram bisi ngacay budakna*". Jadi, pikeun kolot-kolot di urang mah geus jadi adat lamun kahayang nu nyiram teu diturutkeun téh balukarna budakna bakal ngacay waé.

Adat di urang Sunda mah kapamali téh kacida pisan diperhatikeunana. Nu ngaranna pamali téh ulah pisan dirumpak. Biasana mah nalika umur ngandung geus tilu bulan, adat di Pasundan téh sok *ngabubur beureum bubur bodas*. Demi ari bubur éta téh hiji lambang tina napsu, nya éta bubur beureum lambang napsu lalaki, bubur bodas lambang napsu awéwé. Tuluy dina hajatan éta téh dikumpulkeun urang sakampung/tatangga pikeun ngadungakeun si utun inji.

Sanggeus ngandung opat bulan, biasana mah urang Sunda teu ngayakeun sodakoh, tapi aya ogé anu nurutan adat Jawa, nya éta sodakoh kupat, dupi, jsté. Dina waktu kandungan lima bulan, biasana mah sok nyodakohkeun bangsal, diteundeun dina nyiru atawa dina baki bari

ditutup ku daun waluh. Maksud sodakoh éta téh nya éta palakiah sangkan leungit belang béngsalna, diganti ku waluyana.

Dina waktu genep bulan, teu méré sodakoh. Tapi, nalika kandunganana tujuh bulan kacida pisan sodakohna, leuwih-leuwih ti nu saanggalna. Sodakoh nalika tujuh bulan éta disebut tingkeb atawa tebus wateng, aya ogé anu nyebut babarik. Tingkeb téh hartina tutup, jadi maksudna mah sodakoh éta téh sodakoh panungtung. Ari tebus hartina téh mayar, weteng hartina téh anak nu aya di jero kandungan. Jadi maksudna mah tebus weteng téh nya éta mayar nyalametkeun nu aya di jero kandungan. Babarik téh hartina sodakoh nyalametkeun anu ngandung babarengan jeung anu dikanungna.

Demi aturan sodakoh tingkeb téh teu sagawayah, biasana mah waktuna ditangtukeun heula. Ilaharna mah nincak dina angka tujuh, naha éta mah 7, 17, atawa 27 dina bulan Hijriah. Nu disodakohkeun téh nya éta rupa-rupa kadaharan jeung rujak tujuh bungbuahan. Sarta deuih nu aya dina upacara tingkeb téh nya éta kembang tujuh rupa, menyanyan, daun hanjuang, kalapa héjo (dewegan), wayang Arjuna atawa Subadra, jarum tujuh siki, jsté.

Tah barang-barang nu tadi téh, saperti cai na kendi, kembang tujuh rupa, jsté. tuluy dimandikeun ka nu keur ngandung téa. Sanggeus dimandikeun tuluy nu ngandung téh sina ngabagi-bagikeun rujak téa. Sajaba ti éta téh, barang-barang anu dipaké sarat pikeun mandi nu ngandung téh dijieun ogé lambang papatah pikeun nu ngandung jeung salakina. Maksud sarat-sarat éta téh ceuk sawaréh ahli mah nya éta:

*Daun hanjuang*, lantaran tangkal éta téh sok dipelak di kuburan, ngandung harti papatah, urang di dunya téh moal lila, tangtu kabéh ogé bakal balik ka tempat tangkal hanuang dipelak, nya éta maot. Ku kituna, urang téh kudu boga kalakuan anu hadé, ninggalkeun ngaran nu seungit ku cara migawé amal hadé. *Mayang jambé*, nya éta sindir sampir tina ucapan: *hayang sing hadé*. Hartina, urang dina hirup téh sagala kahayang kudu suci, leungitkeun sagala kalakuan nu teu uni, supaya jadi seungit lir seungitna mayang jambé. *Kembang tujuh rupa*, lambang tina makna anu tujuh, nya éta hirup, kakuatan, panénjo, pangdégé, ucapan, rarasaan, jeung kahayang. Sakabéhna éta téh kudu seungit, hartina nalika urang hirup kudu hadé kalakuan nepi ka ngabungahkeun batur atawa masarakat. Jalan sangkan boga kalakuan nu hadé téh nya éta kudu ku élmu, nya éta cai nu jadi lambangna. *Ayakan*, hartina téh saringan, maksudna urang téh nungtut élmu téh kudu disaring, mana nu hadé mana nu goréng.

*Rujak*, hartina urang hirup téh kudu ngarasaan pait, amis, kesed, haseum, jsté, hartina susah, senang, bingung, jsté. *Belut*, pikeun kiasan waktu ngajuru sangkan lancar lir belut nu kaluar tina liangna, urang di dunya téh kudu saperti belut, leueur, hartina wijaksana, loba akal ulah nepi ka dibobodo ku batur. Kitu tah harti lambang anu sok dipaké dina upacara tujuh bulanan téh.

Biasana mah sanggeus dimandikeun téh, poé éta ogé kudu *séwaka*, nya éta méré béas kira-kira lima léter, gula kopi, kukuéhan, jsté ka paraji. Sanggeus séwaka, tuluy nu ngandung téh *digédog*. Carana nu ngandung téh dititah nangkarak, dina cangkéngna téh disangkéh ku samping paraji, tuluy éta samping téh diéyong-éyong, maksudna mah sangkan anak nu aya jero kandungan téh bener posisina dina tempatna. Sanggeus digédog, di sababaraha wewengkon mah nu ngandung téh tuluy dibéré jimat ku paraji éta.

Sanggeus salapan bulan biasana mah sodakoh bubur lolos, nya éta bubur tipung saeutik kentel dibungkus ku daun cau, diminyakan saeutik, terus digulungkeun. Tah dina bulan-bulan ieu téh ceuk kolot mah sok disebut bulan alaeun. Geus jadi adat, supaya salamet nalika ngandung nepi ka ngajuru, ogé budak anu dikandungna tong nepi ka cacad, aya pamali anu ulah pisan dirumpak, saperti:

1. Ulah saré samborong teu maké angel, lantaran bisi hésé ngajuru.
2. Teu meunang ngadahar tutut, lantaran bisi tunduh nalika ngajuru
3. Teu meunang diuk dina lawang panto, lantaran bisi hésé ngajuru.
4. Teu meunang ngadahar endog kulub, bisi anakna engké bisulan dina sirahna.
5. Teu meunang ngadahar ganas, bisi anakna boga panyakit ararateul dina pipina.
6. Teu meunang ngadahar salak, bisi anakna koréngan dina sirahna.
7. Teu meunang ngadahar bungbuahan urut kalong, lantaran bisi bisi koréngun pinareupna.
8. Teu meunang ngadahar lélé atawa keuyeup, lantaran bisi anakna boga tabéat kasar
9. Teu meunang ngareumbaykeun buuk, lantaran kunti resepeun pisan ka nu keur kakandungna tuluy molah kitu. Jeung réa-réa deui.

#### **b. Mangsa Ngajuru**

Lilana ngandung téh ilaharna mah salapan bulan, tapi aya ogé anu leuwih ti sakitu nepi ka 12 bulan. Nu ngandung nepi ka kitu téh biasana mah sok disebut *reuneuh mundingeun*. Lamun kajadian aya nu saperti kitu, nurutkeun adat mah biasana *dikiasi*, nya éta nu ngandung téh ditalian beuheungna ku tali, tuluy ditungtun ka kandang munding. Lamun euweuh kandang mah bisa dibawa ka pipir imah waé. Jalma nu nungtun sarta nu ngiringkeunana mamawa pecut bari ngomong: *O-é, O-é* Nurutan sora munding. Sanggeus ngurilingan imah, tuluy dimandian, terus sina asup deui ka imah.

Lamun nu ngandung téh geus cunduk kana waktuna, biasana mah karasana téh mules, nyeri parindikan, bobokong, jeung tonggong karasa panas, beuteung asa murilit. Kaayaan nu saperti kitu téh disebut *ngaruang-ruang*, nya éta tanda bakal ngajuru. Saharita ogé tuluy dipangngageroankeun paraji. Lamun kajadianana peuting, nu nyusul paraji téh sakurang-kurangna kudu duaan sarta lamun poék kudu mawa sénter, lantaran cenah mindeng kajadian di tengah jalan panggih jeung jurig/kunti nu ngajirim paraji.

Sanggeus paraji datang, tuluy sadia tempat pikeun ngajuru anu disebut jarian. Didinya téh disadiakeun cai dina baskom jeung minyak letik. Biasana mah paraji téh bari mawa pakakas nu sok disebut *kanjut kundang*, nya éta kantong anu eusina konéng, bénglé, jaringao, bola bodas, péso tikél, jsté. Sanggeus datang téh tuluy bubura mapatkeun jampé pamaké pikeun ngusir kunti.

Sanggeus paraji ngabura ka madhab papat, tuluy paraji téh mariksa nu keur ngandung. Dipariksa, naha geus deukeut atawa lila kénéh. Lamun geus deukeut mangka nu ngandung disinangolér, paraji diuk tunjangeunana. Posisi sirah nu ngandung ulah samborong, ulah mapag kala, sarta ulah nyanghulu ka wahangan. Nalika beuteungna mules, ku paraji téh biasana mah sok dibaluran ku sasabétan, maksudna supaya beuteung nu ngandung jadi haneut sarta orokna gancang ka luar, ogé pikeun ngurangan rasa nyeri.

Lamun nu rék ngajuru geus ngaheujeun, biasana mah ku salakina ditiup embun-embunana, nu disebut *mepet bayu*, maksudna mah ngabantu ngaheujeun. Geus ilahar, lamun nu keur ngaheujeun hésé waé kaluar orokna, nu aya di dinya téh sok ngayakeun palakiah ku cara muka-mukakeun panto, jandéla, lomari, peti, jsté, maksudna mah sangkan babari ngajuruna. Mangrupa-rupa palakiah sangkan nu keur ngaheujeun gancang/babari ngajuruna.

Sanggeus lahir orok téh biasana mah ceurik, tapi aya ogé anu henteu, malahan ngarénghap ogé henteu. Pikeun paraji mah nu kitu téh teu matak kagét, tapi malah dicokot sarta balina. Terus diteundeun dina nyiru, dipencét si balina téh bari maca jampé pamaké, kieu unina téh: "*Niktrik bilik, naktrak lincar, néktrék konjara wesi, ongbray, ongbray*". Sanggeus kitu, dimandian si orok téh ku cai tiis bari diambeu-ambeukeun kana bau nu hangit supaya karasaeun géték irungna. Deukeuteun ceulina didéngékeun sora-sora anu bédas, lila-lila mah si orok téh ceurik. Malahan mah aya nu nepikeun ka awak si orok téh dipeupeuh-peupeuh ku daun kélor.

Nu jadi lantaran aya orok nu teu nyoara téh lantaran cenah ceuk kapercayaan baheula mah jiwana téh keur tandang ka *bali*. Lantaran kitu, balina téh kudu dipencét ambéh jiwana balik deui ka orok. Lamun aya orok nu maot nalika dijuruken, padahal kandunganana leuwih ti salapan bulan, ngurusna téh kudu saperti ngurus mayit nu déwasa, ngan sodakohna cukup ku bubur wungkul. Orok nu saperti kitu, lamun kajadianana poé Jumaah kaliwon, biasana mah salila tujuh poé kuburanana téh ditungguan, lantaran mayit orok nu saperti kitu téh mindeng dipaké jimat pikeun ngabangsot sangkan teu katéwak. Atawa dijieun kencit, nya éta tuyul nu sok dititah maok duit. Sigana mah adat kitu téh baheula, lantaran kiwari mah geus arang langka.

Lamun nu ngajuru sarta orokna geus salamet, tuluy nu ngajuru tadi téa sina hudang sarta sina adus wiladah. Sanggeus madi tuluy dipuput ku haseup jarami, maksudna mah pikeun nolak panyakit teluh baraja sarta pikeun nolak sangkan ulah gering deui. Sanggeus kitu

tuluy sina diuk bari suku disanghunjarkeun. Tuluy tarangna dipulas ku pipilis. Sanggeus kitu tuluy dibéré cai asem campur uyah, maksudna mah sangkan rahimna gancang rapet deui. Terus dibéré nginum deui cai temulawak, terus dibéré cai kétéan hideung atawa cai secang. Sanggeus ngaso sakeudeung, tuluy dibéré dahar sakaperluna nu sok disebut *ngawayahan*.

Sanggeus bérés ngurus indungna, tuluy paraji ngurus orokna. Saméméhna si orok téh dipangmacakeun jampé pamaké sangkan loba nu nyaah. Tuluy si paraji ngurut-ngurut tali bali si orok. Sanggeus kitu tuluy dipotong tina lebah erang-erang bari dibeungkeut ku kaén. Tuluy di orok téh dibedong sanggeus diadanan ku bapana sarta digebrag ku paraji. Sanggeus kitu tuluy orok téh diteundeun dina nyiru bari ngucapkeun sina jauh tina balai sarta sagala panyakit ogé kasysah.

Atawa aya ogé anu mawa orok nguriling ka tujuh tatangga. Ku tatanggana dibagéakeun bari dicecep. Sanggeus bérés tuluy si orok diécagkeun deui dina kasur bari maké tilam kaén anu di handapna diteundeunan béas, duit, jeung kekembangan. Sirah orokna ditilaman ku daun taleus hideung. Saterusna paraji macakeun deui jangjawokanana. Waktu harita kulawargana ngalongok bari méré duit atawa kaén, samping nu cenah disebutna *nyeumpal*.

Ceuk kapercayaan di kampung mah, orok jeung indungna téh kacida dipikaresepna ku kunti. Mangka ti éta pikeun ngusir kunti, di deukeuteun orok sok disimpen tumbal, saperti cai dina baskom anu dijerna aya péso, nyéré anu geus diwangun nyarupaan jalma nu nangtung, jsté. Terus ngeunaan bali, aya anu dipiceun atawa dipalidkeun, aya ogé anu dikubur. Tuluy peutingna ngayakeun hajatan.

Loba pisan kapamalian anu ulah dirempak, saperti ulah ngadahar kadaharan nu digoréng, ulah ngadahar endog, ulah ngadahar waluh, ulah ngadahar cau, ulah ngadah anu haseum-haseum, jeung réa-réa deui.

### **c. Sabada Orok Lahir**

Sanggeus tilu saelat-elatna dalapan poé, orok pegat udelna. Sanggeus pegat udelna, gedé atawa leutik kudu ngayakeun salamétan kalawan ijab kobul ka Kangjeng Rosul jeung para aulia. Nurutkeun kapercayaan di kampung, lamun kaopat dulur (kakawah, tali-uri, tembuni, sarta pamungkus) teu dipiara kalawan hadé, teu disalametkeun, si orok téh bakal mindeng rieur jeung engké dimana geus gedé harepan pikeun meunang kabagjaan kurang pisan. Biasana mah dina waktu éta si orok téh dibéré ngaran anu hadé. Aya hiji kapercayaan urang Sunda anu hubunganana jeung ngaran, nya éta lamun hiji awéwé ngajuru terus anakna maot waé, biasana mah maké ngaran barang, umpamana baé: *Runtah, Kadut, Sarah*, jsté.

Kira-kira umur budak 15 poé, tuluy dimandian ku cai anu geus dicampur ku talawéngkar anu geus dibeuleum, daun bacang, jeung pangpung dadap atawa cangkring anu geus garing, maksudna sangkan bulu miangna gugur, ulah kandel buluna, sarta sangkan

gancang kuat awakna jeung lemes kulitna. Dina bobogaan orok awéwé, ditémpélkeun daun jawér kotok anu geus didéangkeun, sangkan kokotorna kaluar kabéh, lantaran cenah ceuk kolot mah lamun budak awéwé nalika keur leutikna henteu atawa kurang ngaluarkeun kokotor sarupaning kitu, engké lamun geus gedé mindeng katarajang panyakit gateul nepi ka lécét, lantaran mindeng digaro antukna lamun geus gedé mibanda panyakit "resep' ka lalaki (hysterisch).

Demi indungna, sanggeus ngajuru nepi ka 40 poé 40 peuting mah diuk baé, isuk-isuk jeung soré sanggeus mandi nginum ubar wewejah atawa galogor. Salilana kudu maké bebengkung, nya éta sarupaning beubeur tina kaén anu dibeulitkeun nepi kana pingping. Ilaharna mah tina kaén balacu warna beureum. Maksudna maké bengkung téh nya éta kahiji ngajaga getih, sangkan ulah terus-terusan baseuh, kaduana sangkan ulah gering deui, sangkan gancang cageur. Daharna ogé kudu sangu nu diseupan anu dicokot congcotna, sangkan loba cisuusna. Ogé deuih kudu dijaga sangkan ulah aya séréh anu kadahar, sabab lamun kadahar bakal jadi panyakit séséraheun, nya éta nyeri susu. Kadaharan séjénna ogé kudu pisan dijaga lantaran bisi aya balukarna ka manéhna ogé ka budakna.

Biasana mah sanggeus ngajuru téh tuluy diurut ku paraji, nu sok disebut ngurut ngirabkeun. Ngirabkeun téh hartina miceun, miceun sagala rupa kasakit atawa hahalang anu karék ngajuru. Lamun nalika ngajuru teu meuncit hayam, mangka dina nalika ngurut ngirabkeun kudu meuncit, tuluy getihna ditandéan dina batok, terus diulaskeun kana tarang nu ngajuru, kias pikeun ngaganti getih anu leungit. Kira-kira saminggu sanggeus ngurut ngirabkeun, paraji tuluy ngurut deui, ngaranna nya éta ngurut nétépkeun, nya éta nétépkeun pianakan. Ngurut pamungkas dingaranan ngurut ngarérékép. 40 poé lilana antara ngajuru jeung ngurut ngarérékép téh. Sanggeus kitu mah tuluy wé diséréenkeun deui ka salakina. Tah kitu téh dingaranan *sibanyo*, hartina ngumbah leungeun.

Salian ti sibanyo, anu karék ngajuru téh mindeng dibéré pahinum, maksudna nya éta ngubaran eusi beuteung bisi aya anu robah urut ngajuru, ngalancarkeun saluran getih, jeung sangkan gancang séhat. Demi salamétan orok téh salian ti salamétan leupas tali udel, ogé aya nu ngaranna nurunkeun, nyukur, jeung mudun lemah nya éta munggaran suku budak ditincakkeun kana taneuh.

Dina ngurus budak, sakabéhna ditamplokkeun ka indungna. Demi salakina mah tara ilu biung, lantaran lamun aya lalaki nu kitu sok disebutan kawas julang sabab ngan julang nu sok nungguan dantenna dina nyileungleuman endogna. Anapon cara ngurus budak indungna sok guguru ti kolot-kolot.

### 3.3.2 Adat Nyunatan

Anu ngagem agama Islam mah kudu disunat téh, pon kitu deui anu rék asup Islam ku disunatan heula. Ku kituna, kolot di Sunda mah utamana nu boga budak lalaki, sok jadi hajatan nyunatan téh. Adat nyunatan budak téh diusahakeun ulah nepi ka ganjil lantaran pamali nungku cenah. Akibatna engké budakna bakal meunang mamala, naha éta mah cilaka nalika disunatan atawa kurang rejeki nalika budak geus rumah tangga.

Nyunatan téh asalna tina kecap *sunat*, lantaran jaman baheula cara nyunatan téh kieu: kulit bobogaan budak lalaki kira-kira 1 cm panjangna diteukteuk. Mimitina, saacanna téh kulitna dibetot-betot heula, tuluy diasupan pakakas sarupaning patlot nu disebut babango. Sanggeus kitu diasupkeun deui di tukangeun babango téh pakakas capit, tuluy kulit anu di luhureun babango téh dipotong. Nu biasa nyunatan téh disebutna béngkong atawa paraji sunat.

Demi budak nu rék disunatan téh lamun geus manjing dalapan taunan, tapi aua ogé anu kurang atawa leuwih. Ceuk kolot baheula mah lamun nyunatan budak leutik kénéh téh matak kacantét, nya éta lila ka gedé jeung ka begérna. Saméhna téh diayakeun heula upacara pikeun ngareuah-reuah budak nu rék disunatan. Ogé deuih kudu aya pasaratan nu kudu dicumponan nalika budak rék disunatan téh.

Kronologisna kieu, sanggeus waktuna ditangtukeun, si budak téh dibawa zarah ka kuburan karuhunna, maksudna mah sangkan meunang bérékah salamet. Pikeun nu mampuh mah sok nyeungeut pepétasan atawa nutu-nutu lisung, maksudna mah ngaramékeun atawa ngabagéakeun ka budak nu rék disunatan, ogé deuih minangka tangaran yén poé éta budak rék disunatan.

Tuluy si budak téh diarak dina jampa dibawa ka sisi wahangan, lamun jauh mah ka sumur batur nu geus ditangtukeun. Di dinya budak téh dimandian maké cai béas jeung kembang tujuh rupa disebutna téh mandi kembang. Sanggeus kitu budak téh dibawa balik deui. Sanggeus aya di pakarangan imahna, budak téh tuluy dipayungan pikeun disawér. Sanggeus disawér tuluy budak téh diasupkeun ka kamar nu geus dihias dibaturan ku kulawargana. Nu séjénna mah balakécrakan heula. Peutinganana rék disunatan, budak téh kacida diogona. Kolotna mah geus tatahar saanggalna pikeun nyiapkeun sagala pasaratanana.

Isukna, saméméh panon poé bijil, budak téh geus dihudangkeun. Tuluy digandong pikeun dimandian, biasana mah ka sisi wahangan. Waktu éta, budak téh diarak ku raraméan. Di wahangan, si budak téh dikeueum heula sakeudeung. Sanggeus bérés ngeueum jeung geus tiriseun awakna, digandong deui hanjat. Salah saurang geus ngadagoan dina korsi, tuluy budak téh dilahun bari beungeutna ditutup ku kaén, sangkan teu nempo nalika dipotong, leungeun jeung sukuna dicekelan. Sanggeus budak bérés disunatanana, kabéh nu aya di dinya

ngagorowok gumbira: "Kasép! Kasép! Kasép!" sarta ngucapkeun: "Salamat, salamet, salamet!" Sawaréh deui ngagorowok méré nyaho ka nu keur nyekel hayam: *Béla!* Hartina peuncit hayam éta pikeun ngabéla kanyeri budak.

Si budak téh dipangku jeung diarak ka imahna, tuluy didiukkeun dina korsi. Sukuna didéngkakkeun tuluy didéangkeun kana seuneu tina jarami, maksudna mah pikeun nolak panyakit sarta sangkan haneut. Indungna tuluy nyampeurkeun, kadang-kadang si budak téh dipapangku sina nyepeng pinareupna bari dibawa kukurilingan di kampung, hal éta téh méré nyaho yén poé éta panungtungan éta budak nyepeng pinareupna nu ngandung harti ti mimiti harita geus si budak geus teu meunang saré deui jeung kolotna, kudu misah.

Si budak téh tuluy dibéré dahareun nu dipikaresepna. Dahar éta téh disebut dahar ngawayahan, hartina ti mimiti harita geus meunang sagala didahar, saterusna saméméh cageur teu meunang ngadahar naon baé. Loba pisan pantrangan pikeun budak nu karék disunatan téh.

Kira-kira jam 10-an, nu diondang daratang bari nyarecep ka si budak nu disunatan. Ilaharna mah waktu éta téh nu boga hajat sok ngayakeun raraméan, pikeun ngabungahkeun budak sarta ngahormat nu diondang. Upacara ngaramékeun nu sunatan téh disebut kariaan.

Anapon nyunatan budak awéwé mah ilaharna teu diramékeun, malahan dirusiaheun, sarta ilaharna mah nyunatanana nalika keur orok kénéh, maksudna mah sangkan ulah éraeun. Kariaan atawa sodakoh ogé kadang-kadang tara dilakukeun, paling ngan saukur salamétan bari ngabubur beureum bubur bodas. Nu jadi paraji sunatna ilaharna mah paraji anak. Carana téh nya éta tungtung "ijina" dipotong saeutik, lantaran ceuk kolot mah di dinya téh aya kulit anu némpél saolah-olah kuman anu mindeng nimbulkeun panyakit, lantaran kitu kudu dipiceun.

### **3.3.3 Adat Kawinan**

#### **a. Nanyaan**

Di urang Sunda mah lamun hayang ngadeukeutkeun anak téh ilaharna kolot lalaki datang ka kolot awéwéna, nanyakeun katerangan. Lamun mah parawanna téh can aya nu nanyaan ogé nu jadi kolot-kolotna sapuk, mangka sok neundeun omong, maksudna mang rencana ngawinkeun budak-budakna. Tapi can aya katangtuan jadi henteuna kawin, ngan semet nyirian wungkul. Saterusna si kolot lalaki jeung kolot awéwé téh nengétan heula picaloneun minantuna. Cocok henteuna gumantung hasil panalungtikan kolot-kolotna. Lamun duanana geus sapuk, tuluy kolot lalakina téh ngutus salah saurang pikeun nanyaan. Datangna ka imah kolot awéwéna téh ilaharna mah diiringkeun ku sababaraha urang. Biasana nu dibawa nalika nanyaan téh nya éta seupaheun lengkep jeung duit, kadang-kadang sok aya nu bari mawa dahareun sakadarna. Nu kadua kali ieu dingaranan *nyeureuhan* atawa *ngalamar*.



Urang Sunda mun nanyaan mawa seupaheun téh geus jadi adat ti baheulana. Seupaheun téh mangrupa siloka, lantaran nu aya dina seupaheun téh aya lima, nya éta seureuh, kapur, gambir, jambé, jeung bako. Gambir warnana beureum, ieu siloka napsu lalaki. Jambé lamun didahar bakal rieut, ieu siloka awéwé anu sono ngenes. Bako téh siloka rieutna lalaki anu kapaut asihna ku awéwé. Seureuh téh siloka eureun napsuna. Tah, nu dibikeun ka awéwé nalika nanyaan té mangrupa pameungkeut, hartina teu meunang leupas teu meunang aya anu ngaganggu. Satuluyna loba pisan pantrangan anu ulah dirempak lamun hiji lalaki jeung awéwé geus kabeungkeut ku tali nanyaan, pangpangna ka awéwéna.

Sanggeus cunduk kana waktuna, si lalakina téh diiringkeun ku lobaan nu geus darangdan. Calon pangantén lalaki biasana mah di hareup, tuluy disambung ku iring-iringan nu mawa seserahan. Dina iiringan téh aya salah saurang anu pinter gomong, engkéna manéhna nu bakal nyérénkeun calon pangantén lalaki ka mitohana téh. Sanggeus cunduk di tempat calon pangantén awéwéna, tuluy diayakeun upacara sérén tampi. Sanggeus bérés éta tuluy ilaharna mah nyérénkeun barang bawaan téa. Demi si calon pangantén awéwé saminggwa saanggalna geus dipingit teu meunang ka luar jauh. Unggal soré sok dibaluran ku lulur pangantén ngarah engké cahayaan. Unggal isuk-isuk jeung soré dibéré jamu pikeun nyéhatkeun awak.

#### **b. Upacara Ngeuyeuk Seureuh**

Sapoé saacan upacara kawinan, calon pangantén awéwé téh dihias ku tukang hias, halisna dikerik sangkan bérésih. Tah, dina poé éta téh diayakeun upacara ngeuyeuk seureuh. Demi carana téh kieu:

Di tengah imah diamparkeun sarung poléng, di luhurna diteundeun hiji baki anu eusina seureuh nu gagasan kénéh sarta nu geus disusun, kapur séréh sababaraha bungkus, gambir sababaraha siki, bako, jeung jambé sababaraha siki. Biasana mah seupaheun éta téh pamawa calon pangantén lalaki nalika seserahan. Di gigireunana aya seuneu leutik tujuh sumbuna maké minyak kalapa. Sagédéngéun éta ogé aya bokor nu eusina béas, cikur nu geus dipotong-potong, jeung duit kecing. Aya deui endog hayam sasiki, kembang, kembang kalapa, jeung élékan. Deukeuteun éta aya kendi nu eusina cai atah, batu pipisan sasiki, cai kembang tujuh rupa jeung récéh dina bokor, pakéan calon pangantén lalaki-awéwé nu rék dipaké nalika kawin, bola, pakakas ngaput salengkepna, jsté. gumantung kana kawijaksanaan nu rék mingpin upacara.

Saacan ngamimitian, meuleum heula menyan bari maca dunga salamet. Tuluy awéwé nu geus karolot nyarieun seureuh jadi lungkun nepi ka seureun nu dina luhur sarung téh béak. Sanggeus kitu, barang-barang nu aya di dinya ditumpukkeun kabéh: seureuh, kapur, gambir, jambé, bako, béas, endog, jsté, tuluy ditutup. Dua calon pangantén téh sina diuk pahareup-hareup nyanghareupan tumpukan éta. Tuluy dukun atawa tukang hias téh nutu opat

madhab tumpukan éta. Dua calon pangantén téh sina nyokot salah sahiji barang nu aya dina tumpukan éta tapi ulah bari nempo atawa nyepengan juru kaén téa. Nu nyarakséni saleuseurian nempo polah dua calon pangantén téa téh. Barang-barang nu dicokot ku dua calon pangantén téh mangrupa siloka yén engké duanana téh kudu usaha kana barang-barang nu dicokot téa. Minangka upacara ngeuyeuk seureuh bérés, biasana mah nyungeut mercon atawa pepétasan. Upacara ngeuyeuk seureuh téh béda-béda di unggal wewengkon téh, ngan biasana mah kitu.

Demi maksud ngeuyeuk seureuh téh nya éta sabenerna mah papatah ka calon pangantén. Kecap *ngeuyeuk* téh hartina nyekelan pigeulangan leungeun. Ieu téh méré tanda yén engké calon pangantén téh kudu silih cepengan kudu silih gatungan. Sedengkeun seureuh téh mangrupa pangabutuh sapopoé, utamana awéwé. Maksudna di dieu téh nya éta kacinta hiji awéwé ka salaki kudu kawas micintana kana seureuh.

### c. Walimatul Urusy

Lamun geus cunduk kana waktuna mangka upacara kiwanan téh digelar. Poé éta téh diayakeun heula ijab kobul antara calon pangantén lalaki jeung kolot calon pangantén awéwéna. Ijab kobul ieu aya anu di masigit, tapi aya ogé anu di imah calon pangantén awéwé, gumatung kahayang. Geus ijab kobul, pangantén téh tuluy disawér di hareupeun imah ku tukang sawér. Sawér téh maksudna mah papatah ka pangantén. Anu disawérkeunana téh biasana mah nya éta béas, duit, jeung konéng anu geus dikeureut-keureut. Béas téh siloka anu nyukanglantarkeun urang hirup. Duit téh siloka banda pakaya atawa dunya barana. Sedengkeun konéng téh siloka kajujuran. Demi dipayungan nalika disawér ogé mangrupa siloka, nya éta najan kumaha ogé urang kudu sadia payung pikeun ngajaga diri, salawasna kudu ati-ati.

Sanggeus upacara sawér, tuluy ku pamingpin upacara pangantén awéwé téh dibéré batang sagar pikeun dicekel, sedengkeun pangantén lalakina dibéré seuneu leutik tujuh sumbu. Duanana pahareup-hareup, tuluy sagar téh diduruk nepi ka jadi lebu. Sanggeus kitu pangantén awéwé dibéré kendi nu caian, pangantén lalaki disina nincak endog. Endog téh kudu sakali peupeus. Tuluy pangantén awéwé sina ngumbah suku salakina anu urut nincak endog téa. Terus kendi téh dipeupeuskeun. Tuluy duanana sina ngaléngkahan pakara. Pangantén awéwé mah sina asup ti heula, sedengkeun pangantén lalakina sina nungguan heula di luar. Geus kitu pantona ditutupan. Pangantén lalaki sina ngetrok éta panto, pangantén awéwéna sina muka éta panto. Upacara éta téh disebut *buka panto*. Tuluy duanana sina diuk dina pajangan nyanghareupan sagala pasakan. Dua pangantén téh dibéré bakakak hayam hiji, dititah pabetot-betot nepi ka beulah jadi dua. Tuluy duanana dahar bareng, tapi kudu silih huapan. Cara éta téh disebut *huap lingkung*.

Sanggeus upacara éta réngsé, tuluy wé hajat walimah. Dina éta hajat téh biasana mah diterangkeun naon maksud upacara tadi. Saperti nincak endog maksudna téh nya éta lamun mah di antara maranéhnana aya nu boga niat goréng disababkeun ku kabodoanana, kudu dipeupeuskeun. Tuluy dikumbah kucai nu hartina ditiiskeun. Lian ti éta ogé endog téh ditamsilkeun ka pangantén awéwé, nu maksudna nya éta rido lamun diruksak mustika asal ulah diantepkeun, hartina salila dijadikeun pamajikan kudu dihargaan. Upacara-upacara nu séjénna ogé pinuh pisan ku siloka anu ngandung papatah ka pangantén pikeun kahirupan maranéhna rumah tangga.

#### **d. Sanggeus Kawin**

Sanggeus dua pangantén éta saucap, unggal malem Salasa jeung Jumaah tetep nyadiakeun sasajén keur nyuguhan Indung Batin - Bapa Batin, sangkan weléh ditangtayungan. Kolot duanana sanggeus nyaho anakna salamet sok tuluy ngayakeun hajatan/salamétan, biasana mah sok numpeng.

Sanggeus sababaraha poé ti kawinan, mitoha ti lalaki sok mapagkeun ka imah bésanna, kekecapanana mah nginjeum heula cenah, nu kitu téh sok disebut *ngunduh minantu*. Di imah mitoha ti lalakina téh ngayakeun hajatan ogé, ngayakeun raraméan jeung salamétan. Geus kitu mah tuluy duanana baralik deui ka imah mitoha ti awéwéna. Da mémang kitu adatna, lalaki cicing di awéwé.

#### **e. Unak-anik Kawinan di Tempat Séjén**

Di salah sahiji wewengkon padusunan Karawang mah, tempat katurunan tilu séké bangsa: Malayu, Jawa, jeung Sunda, carana rada béda. Nalika usum panén, parawan nu geus ditanyaan dipangmeulikeun tiung lakan jeung tilu sapatangan anu warnana beureum, héjo, jeung bodas ku beubeureuhna. Nalika digawé panén, sapatangan nu tilu téh dipaké dina sirahna dijieun tiung. Duanana babarengan gacong. Buruh gacongna téh dibawa balik ku beubeureuhna kabéh. Soréna si lalakina datang ka imah awéwéna bari mawa buruh gacong téa. Kitu wé hantem salila usum panén mah. Salila tunangan dina waktu ngagarap sawah, si lalakina téh kudu mantuan kolot awéwéna digawé. Kitu ogé si awéwéna kudu mantuan kolot lalakina.

Kira-kira sabulan saacan kawin, kolot lalakina tatahar naon baé nu rék dibawa pikeun datang ka si awéwé téa. Hiji barang anu ku aya, nya éta dandang tembaga, lantaran barang éta téh mangrupa siloka kawijaksanaan si awéwé. Lamun si awéwé bisa ngarebut dandang nu dibawa ku lalakina, éta hartina si awéwé téh pinter dina sagala hal. Dandang téh nalika seserahan dibawa sarta dieusian ku seureuh, bako, kapur, jambé, jeung gambir, tuluy ditutup. Nalika seserahan dandang éta téh ditanggeuy ku kolot nu jadi wawakil pihak lalaki. Lamun ninggang ka jalma nu aya mah sok bari nabeuh kendang penca. Di pihak awéwéna ogé geus

ngadagoan. Lamun geus pahareup-hareup, wawakil ti awéwé ngarebut dandang bari maén silat. Sanggeus kitu karék wé dua rombongan pangantén téh dariuk.

### 3.3.4 Adat Kapapaténan

#### a. Miara Nu Gering

Ilaharna mah lamun di kampung aya budak anu gering, pangpangna budakna téh orok kénéh, biasana mah ku kolotna sok diubaran ku ubar sasawanan, nya éta rupa-rupa akal nu geus kaalaman nu meunangna ti kolot-kolotna. Lamun anu geringna geus déwasa atawa geus kolot, ilaharna mah sok dibawa ka dukun anu cenah bisa ngubaran. Cara datang ka dukunna téh nya éta lamun mah dukunna téh dianggap ahli agama cukup nu dibawana téh ngan cai hérang dina kendi. Tapi lamun mah dukunna téh dukun biasa, salian ti mawa cai hérang ogé mawa menyan, seureuh salengkepna, jeung duit saridona pikeun panyeukeut, nya éta sarat sangkan jampé pamakéna mujarab.

Biasana mah si dukun nyebutkeun kaganggu ku jurig atawa kanggangu ku nu ngageugeuh anu cenah. Tah lamun ceuk si dukun kitu, biasana mah kudu neundeun sasajén di tempat kabadina téa. Tapi lamun éta panyakitna can cageur kénéh baé najan geus méré sasajén, biasana mah sok néangan deui dukun nu leuwih sakti. Kadang-kadang aya anu kudu *diruat*, nya éta nanggap wayang kalawan carita Batara Kala. Aya deui anu kudu *dilokat*, nya éta dimandian ku cai kembang. Aya ogé anu kudu *tobat sodakoh kiparat*, nya éta sodakoh kaén bodas sagebar. Rupa-rupa palakiah nu dilaksanakeun ku urang Sunda lamun aya anu gering.

Lamun seug kaayaan nu gering téh beuki parna, heug sakedak-sakedik hayang hudang, terus hayang saré, tuluy hayang ngagolér, tuluy hayang nangkuban, jsté, disebutna téh *malik mépéh*, nya éta hiji tanda yén nu gering geus deukeut kana umurna. Lamun geus cicing, ku nu aya téh sok tuluy ditangkarakkeun. Kadang-kadang sok aya jalma nu mangmacakeun Qur'an surat Yasin, sarta biwir nu gering téh dihuapan cai nu geus dibéré dunga sarta diséndokan ku daun seureuh. Lamun geus katempo dina bujalna saperti jalma nu capé, disebutna téh *geus nanjak* atawa *ngahanju*. Panonna geus teu katempo ngiceup disebutna téh *mulan*. Umpamana nu gering téh nyata geus maot, anu ngajaga méré nyaho yén *geus salamet* atawa *geus tuluy*.

#### a. Nalika Kapapaténan

Adat di Sunda mah lamun kapapaténan téh sok disebut meunang papait atawa kasusah. Ti dinya tuluy dulur-dulur sarta tatangga dibéjaan. Nu dibéjaan pada ngalongok bari barang bawa pikeun nyumbang. Di imah nu kapapaténan téh jadi ramé ku nu ngalayad. Ibu-ibu mah gawé di dapur, nyuguhan nu ngaralayad. Suguéh éta téh sok disebut *nyusur tanah*. Awéwé lalaki sagawé-gawé nyiapkeun sagala perkara pikeun kapentingan panguburan layon.

Aya anu ngagali tanéh, nyieun padung, nyieun baju kurung tina boéh, nyiapkeun pamandian, nyiapkeun pasaran, aya ogé anu ngaji sarta maca solawat ngadungakeun ka nu geus maot.

Sanggeus sagala kaperluanana bérés, mayit téh tuluy dimandian. Geus dimandian tuluy diboéhan. Geus kitu tuluy disolatan. Sanggeus disolatan tuluy dikanapasarkeun deui. Tapi saméméh ka kuburan, lamun nu maot téh boga budak, si budak jeung salaki atawa pamajikanana téh ngolongan heula pasaran tilu kali, tuluy wé mangkat ka kuburan bareng. Ka kuburanana téh bari mawa dewegan atawa kalapa cengkir, jantung cau, leukeur, jeung bedog. Sanggeus cunduk di kuburan, tuluy Lebé téh papatah heula ka nu ngalanteurkeun, geus kitu mah tuluy wé upacara nguburkeun téh dimimitian nepi ka réngsé nacebkeun tutunggul.

Ti mimiti mayit dikubur, peutingna nepi ka tilu atawa tujuh poé sok ngayakeun tahlilan, tujuanana mah nya éta ngadungakeun nu geus teu di kieuna. Sanggeus 40 poé diayakeun deui tahlilan anu sok disebut *matang puluh*. Saratus poé ti nguburkeun mayit diayakeun deui tahlilan, ngaranna téh *natus*. Sanggeus sarébu poé ngayakeun deui tahlilan, ngaranna téh *néwu*. Saterusna unggal taun ngayakeun tahlilan, ngaranna téh *mendak* atawa *ngarewahkeun*.

### c. Lambang di Kuburan

Ti mimiti jalma maot nepi ka kuburanana, loba pisan cara-cara nu dijieun lambang ku karuhun urang saolah-olah ngadidik ka anak incuna. Nalika jalma nyekleukkeun napas nu pamungkas, nu nungguan di dinya téh soh dalikir, hartina jalma éta téh geus teu ngadéngé. Sanggeus rohna ka luar, panonna nu kabuka ditutup, hartina jalma éta téh geus teu nempo deui; Gadona dibeungkeut ku kaén boéh, hartina geus teu bisa ngomong deui; ditikelkeun leungeunna dina dadana, hartina geus teu bisa gerak atawa digawé deui; sakabéh awakna ditutup ku kaén, hartina geus moal katempo deui; digura-girukeun dikubur, hartina geus teu meunang lila deui di imahna; dibeuleum menyan, hartina sangkan teu kaambeu deui bauna; digotong kudu ku opat urang, hartina pikeun ngabédakeun jeung nu ngagotong jalma nu masih hirup; disalatan, hartina geus teu bisa deui salat; dibéré tutunggul dina luhureun kuburanana, hartina tanda yén geus jauh ti dulur-dulurna; dibacakeun talkin, hartina geus teu bisa ngadéngé jeung geus teu bisa ngarti; ditinggalkeun, hartina geus teu ngabogaan rasa hariwang jeung sieun deui; jeung sajabana. Di astana téh biasana mah sok dipelakan tangkal samoja jeung di tengah-tengahna tangkal caringin. Hal ieu téh jadi pituduh ka jalma yén éta téh kuburan. Demi caringin téh siloka yén di dinya téh kuburan karuhun urang anu kudu dipikainget anu rohna weléh nangtayungan urang. Demi pandan ogé siloka, nya éta anu geus dikubur téh teu meunang disebutkeun kagorénganana, tapi kudu kahadéanana waé. Ari tangkal samoja téh siloka yén di dinya tempatna tulang-taléng karuhun urang anu geus suci. Tangkal hanjuang ogé siloka, nya éta di dinya tempatna karuhun urang anu geus *ngahanju* ngaleupaskeun rénghapna nu pamungkas.

### 3.3.5 Upacara Ngamulyakeun Bulan

Dina tanggal 10 Muharam, biasana mah sok ngayakeun upacara *bubur suro*. Ieu téh cenah nawakup tina carita Nabi Nuh nalika naék parahu sedengkeun sawaréh kaumna diteuleumkeun ku Gusti. Sanggeus raat, tuluy Nabi Nuh jeung nu saralamet lantaran tumut ka Anjeunna, hanjat deui ka darat. Tapi perbekalan geus saeutik. Antukna mah nu nyésa saeutik éta téh dicampurkeun/dihijikeun dijieun bubur. Lantaran bubur éta Nabi Nuh jeung kaumna nu saralamet bisa digawé deui saperti biasa. Tina kajadian éta, di urang mah geus ilahar dina unggal tanggal 10 Muharam téh sok ngayakeun upacara bubur suro. Maksudna mah sangka meunang bérékah ti Nabi Nuh AS.

Salian ti tanggal 10 Muharam, dina bulan-bulan éjén ogé sok ngayakeun upacara. Umpamana baé dina poé Rebo pamungkas bulan Sapar. Dina poé éta dipercaya yén Pangéran téh ngalungsurkeun mangrébu-rébu balai. Ku kituna, dina poé éta jalma-jalma téh sok riweuh néangan palakiah. Aya ogé anu ngalakukeun solat tolak balai babarengan. Atawa pikeun nu mampuh mah sok ngayakeun hajat dahareun, saperti kupat, dupi, lontong, jsté.

Dina bulan Mulud, urang Sunda kacida pisan ngamulyakeunana. Lantaran dina bulan éta, nya éta tanggal 12, dibabarkeunana Kangjeng Rosul Muhammad SAW. Biasana mah dina bulan ieu téh sok loba nu ngayakeun muludan, nya éta hajat di masing-masing imah pikeun ngadunga. Tapi sok loba ogé anu hajatanana dihijikeun sakampungun. Misalna ku ngayakeun pangajian/tablég akbar atawa maca barjanji/pupujian dibabarkeunana Kangjeng Nabi Muhammad SAW.

Dina bulan Rojab, dina bulan ieu ogé sok ramé ku nu hajatan ngamulyakeun bula ieu. Lantaran dina bulan ieu téh aya hiji kajadian anu kacida pentingna, nya éta kajadian *isri wal mi'raj* Kangjeng Rasul Muhammad SAW.

Dina bulan Rewah mah biasana hajatanana téh dina tanggal 14, anu disebutkeun rosul, tapi najan teu dina tanggal éta ogé bisa-bisa waé da euweuh katétapanana. Maksud hajatan dina tanggal ieu téh nya éta ngadungakeun ka karuhun-karuhun sangkan salamet di ahérat. Dina bulan ieu ogé aya anu disebut *nispu Sya'ban*, nya éta tutup buku amal heubeul ganti ku buku anu anyar.

Dina bulan Puasa atawa Romadon, ti mimiti bijil pajar nepi ka panon poé surup, sakabéh umat muslim wajib ngalaksanakeun puasa. Kitu deui urang Sunda, lantaran urang Sunda mah umumna agamana Islam. Dina bulan ieu kacida pisan diagungkeunana. Salian ti bulan pinuh ku rohmat, pangampura, ogé deui aya poéنان nujulul Qur'an, nya éta poé diturunkeunanana Qur'an nu munggaran, nya éta tanggal 17. Dina bulan ieu ogé aya nu disebut peuting *laélatul qodar*, nya éta bulan nu leuwih hadé batan saréwu bulan. Unggal peuting salila bulan Puasa sok ngalaksanakeun salat *Tarawéh*. Dina malem lilikuran, di

kampung mah sok ramé nyarieun kupat. Kitu deui dina poé lebaran, kacida raména. Malahan mah sok aya anu disebut *hajat lebaran*.

Dina bulan Rayagung, tanggal dalapan jeung salapan sok paruasa. Tanggal 10-na disebut poé *lebaran haji*. Dina poé éta nepi ka tanggal 13 sok ramé ku nu qurban, nya éta meuncit domba atawa sapi atawa munding atawa onta pikeun dibagikeun ka ahlina. Dina bulan ieu, biasana di Sunda mah sok dipaké ku nu ngawinkeun, maksudna mah sangkan meunang berekah salamet.

### 3.3.6 Adat Tatanen (Cara Melak Paré)

Di antara sakabéh pagawéan patani di Pasundan, anu leuwih penting téh nya éta melak paré. Ti mimiti dipelak nepi ka jadi sangu, loba pisan pantrangan anu kudu diturut téh. Demi nu jadi sababna nya éta lantaran nganggap yén dunya tempat pikeun melak paré jeung paréna téh aya nu ngageugeuh. Lamun teu dipihormat, tangtu bisa nyusahkeun dina ngagarap tamah jeung paré éta. Demi nu ahli kana tatacara melak paré téh ngaranna *wali puhun*.

Cara-cara lamun rék mimiti melak paré téh nya éta lamun mah nu rék melakna téh teu nyaho kana cara jeung jangjawokanana, sapoé saanggalna téh datang heula ka wali puhun bari mawa menyan. Ku wali puhun éta menyan téh dijampé-jampé, maksudna mah sangkan nolak jurig-siluman nu aya dina sawah éta, atawa ménta ijin ka nu ngageugeuhna. Peutingna tuluy hajatan numpeng, ngabubur beureum bubur bodas, maksudna mah ménta kasalamétan lantaran isukna rék molah sawah.

Isukna, nu rék molah sawah téh indit ka sawah bari mawa menyan ti wali puhun téa. Sanggeus di sawah, tuluy menyan téh dibeuleum deukeut kamalir. Sanggeus meuleum menyan, tuluy dampal leungeunna diminyakan ku minyak keletik, tuluy nyekel pacul. Bari nyekel pacul téh bari maca jangjawokan ménta ijin ka nu ngageugeuhna. Bérés maca jangjawokan, tuluy taneuh téh dipacul tilu kali. Sanggeus kitu mah tuluy wé diteruskeun kana maculna, naha éta mah ku sorangan atawa ku batur.

Demi ngagarap sawah ku pacul disebutna téh *ngawalajar*, nya éta macul munggaran. Tuluy *malik*, *mind*, *nganglér*, *ngacak* sakaligus *ngararata*. Lamun ku garu mah mimitina téh *ngawuluku*, tersu *motong*, *ngagaru kambang*, *nyongkong*, *nganglér*, pamungkas *ngalelep* jeung *ngacak*. Biasana mah patani saacan ngagarap sawahna nu rék dipelakan téh sok nyieun heula kotakan pabinihan nu kudu di sungapan ambéh kacaian waé. Tuluy binih téh diawurkeun kana éta pabinihan téa, istilahna téh *tebar*. Sanggeus binih tujuh poé dingaranan *sumihung*; kira-kira geus 20 poé disebutna téh *bubuni tikukur*; sanggeus umur binih téh 40 poé terus *dubuat*. Sapoé saacan dibuat, leuwih ti heula aya anu disebut *kias*, nya éta dina binih nu masih dikotakan téh diawuran béas saeutik, sangkan béar cenah.

Soréna, nalika isukna rék *mitembeyan tandur*, di imah nu rék nyawah téh ngayakeun deui hajat salamétan sangu tumpeng, tatangga diarondang ogé teu tinggaleun wali puhun. Isukna, nu boga sawah dibarengan wali puhun sarta sababaraha awéwé nu rék *tandur*, arindit ka sawah. Wali puhun ngayakeun deui upacara harita téh, bari nancebkeun binih tilu kali. Sanggeus kitu mah terus wé dituluykeun ku sababaraha awéwé téa.

Kaayaan paré nu dipelak lilana saminggu disebutna téh *lilir*; sanggeus 20 poé disebutna téh *gumuda*; sanggeus 30 poé tuluy dibérésihan tina jukut, ngaranna téh *ngarambét ngabaladah*; sanggeus kira-kira 50 poé tuluy *dirambét mindo*; nalika umurna geus 60 poé disebutna téh *mapak daun*; kira-kira 70 poé si paré téh *nyiram*; kira-kira 90 poé *reuneuh*; kira-kira 100 poé dingaranan *celetu*; kira-kira 130 poé disebutna téh *rampak*; kira-kira 140 poé dingaranan *tungkul*; kira-kira 150 poé dingaranan *beuneur héjo*; kira-kira 160 poé paré téh biasana mah geus asak tapi can cukup pikeun diala, éta téh dingaranan *sumurawung*; kira-kira 170 poé paré téh geus asak pisan, disebutna téh *jujumaahan*.

Nalika paré *nyiram*, geus jadia adat, lantaran dianggapna lir jalma nu keur nyiram sok hayang nu haseum-haseum, mangka ku nu boga sawah sok dipangnyieunkeun rujak bebek, saperti rujak nu salamétan *tingkeb*. Rujak bebek téh diteundeun dina daun tuluy diteundeun dina deukeut *hulu-wotan*. Ti mimiti paré nyiram mah, nu boga paré téh kacida ati-atina. Kias jeung palakiah anu dianggap bisa nyalametkeun paré téh dilaksanakeun bener-bener. Nalika paré konéng, soré isuk paré téh dijaga lantaran loba manuk nu sok ngaruksak. Atawa mun hanteu, di tengah-tengah sawah téh nyieun *bebegig* sangkan manuk sarieuneun.

Sapoé saacan paré dipanén, di imah nu boga sawah ngayakeun deui hajat salamétan saperti basa rék melakna. Tatangga jeung wali puhun diarondang. Demi hajat ayeuna mah salian ti numpeng téh aya deui kupat, lepat, tangtang-angin, ogé rujak amis tujuh rupa. Kitu deui isukna nalika panén, ngayakeun heula upacara nu dipingpin ku wali puhun.

Paré meunang panén téh sakabéhna dipoé nepi ka garing. Sanggeus garing, dibérésihan daun-daunna tuluy dibeungkeut, meungkeut éta téh disebut *mangkek*. Unggal dua beungkeut meunang mangkek dibeungkeut deui jadi hiji, disebutna *sageugeus* atawa *sagédéng*. Tuluy paré téh diasupkeun kana lumbung. Nurutkeun kabiasaan, salila tilu atawa tujuh poé sanggeus diasupkeun teu meunang waka ditutupan. Sanggeus tilu atawa tujuh poé tuluy wali puhun jeung nu boga paré téh arasup deui ka lumbung pikeun *nétepkeun*. Soréna, nu boga paré sanggeus nutupan lumbung ngayakeun deui hajatan. Sanggeus 40 poé sanggeus nutup panto lumbung ogé sasadiaan di handap geus béak, karék jalma éta téh meunang nyokot paré tina lumbung kalawan cara anu tangtu.

Demi aturan nutu, nalika paré ditutu munggaran, nya éta muragkeun heula gabah tina tangkalna, disebutna téh *ngaguguran*. Sanggeus kitu, gabah téh ditapian, tuluy ditutu maké



halu dina lisung. Nu geus jadi béas dipisahkeun dina wadah séjén. Sanggeus réngsé, nu geus jadi béas téh tuluy diteundeun dina goah. Geus kitu mah béas téh siap pikeun disangu.

Pikeun panyawah mah, kacida ati-atina dina ngurus paré, béas, jeung sangu téh. Kukituna, loba pisan pantrangan-pantrangan anu ulah dirumpak, saperti:

- a. Ti mimiti melak paré nepi ka dipanén, nu boga sawah téh pantrang mais, lantaran bisi paréna téh *ayeuh-manis*.
- b. Teu meunang dahar bari siduru, engké paréna bakal diruksak ku sato.
- c. Teu meunang miceun cipanas ka pakarangan, bisi paréna gabug.
- d. Teu meunang meuleum daun urut mais, lantaran ngajadikeun loba beurit.
- e. Teu meunang nakol-nakol bilik nalika peuting, lantaran loba ngadatngkeun beurit.
- f. Nalika aya di sawah, atawa waktu peuting, najan aya di imah, teu meunang nyebutkeun "beurit", kudu disebut "pangantén" atawa "Ki Bagus", maksudna sangkan beurit téh teu ngaruksak paré.
- g. Jeung loba deui sajabana.

### 3.3.7 Adat Pangajaran

Maksud dina buku ieu téh nya éta adat pangajaran anu geus tetep salawasna, kapercayaan nu ngajar jeung nu diajar. Demi nu boga hak pikeun ngajar téh nya éta anu umurna leuwih kolot batan nu diajar, jalma nu loba luangna. Demi adat-adat nu geus dipraktékkeun ku nu karolot pikeun ngahadéan adat anu dibawa ti kudrat téh, sangkan terusterusan nepi ka kolot, katémbong ku dulur-dulurna, jaga lamun budak éta geus kolot, pasti papatahna téh bakal diperhatikeun jeung diturutan, kalakuanana dijadikeun conto, lantaran loba pangalamanana, kabéh jalma nyaksian. Kolot atawa budak tangtu ngarasa yén papatahna téh bener-bener keur kahadéan.

### 3.3.8 Panaasan, Palintangan, Tanda-Tanda, Uga (Waktu)

Sagédénggeun bulan, aya ogé anu disebut poénan naas. Ilaharna mah ngitungna téh tina poé lahirna hiji jalma. Misalna waé teu meunang iinditan jauh lantaran naas bapana. Aya deui anu disebut naasna Nabi atawa pal jeung pantrangan waktu. Sakabéh éta téh euweuh katangtuanana, lantaran diitungna ngan keur saurang wungkul. Kitu ogé bulan atawa poé, waktu, nu jadi kahormatan teu bisa ditangtukeun.

Di urang Sunda ogé hirup nu disebut tanda-tanda. Misalna, *jukut palias*, biasa digunakeun dina sagala hal, lantaran ngaranna ogé *palias*. *Palias* téh hartina teu hayang kadatangan ku hji hal. Salilana di tatar Sunda mah jadi kaomongan jalma yén engké lamun geus datang umbul-umbul kadutbabadong batok, lantaran jalma kudu nyebut batok. Kaomongan éta téh najan ngan saukur omong kosong, tapi leuwih kuat napel di biwir jalma, lolobana mah teu nyaladar yén basa kasarna sirah téh babatok, basa kasarna eusi beuteung téh kadut, maranéhanana teu nyadar yén dina tungtungna mahjalma bakal mentingkeun diri

sorangan jeung eusi beuteung. Tah ieu nu disebut uga téh, nya éta kaomongan nu méré warta bakal kajadian hiji perkara, tapi henteu katémbong maksudna.

### 3.3.9 Adat-Adat Nu Séjén

Adat urang Sunda mah kuat pisan nyekel omongan (kacapangan) karuhunna téh, misalna baé *ciri sabumi cara sadésa*; lamun aya nu rék indit nyanyabaan, sok dipapatahan *kudu bisa pindah cai pindah tampian*; lamun aya nu ngamaksud rék babakti jiwa ragana ogé bandana, cenah gé *nyawa gagaduhan banda sasampiran*; jeung sajabana.

Adat urang Sunda ogé lamun patani cadu diajak jual beuli, lamun padagan cadu diajak rugi. Adat séjénna deui nya éta can ninggalkeun tradisi perbintangan, penaasan, pantrangan bulan. Dimana aya nu ngarumpak, pasti wé jadi bahan omongan. Nu paling kuat mah nya éta adat sieun ku hal anu dipercaya jadi kasusah anu kacida, misalna hiji kampung kaurugan gunung rubuh, banjir anu kacida gedéna, angin anu kacida tarikna, sora guludug, maot, komo deui maot ngadadak. Adat urang Sunda ogé nya éta percaya kana hal-ahal anu irasional, nu gaib, percaya pisan kana tahayul. Ku kituna, sangkan jauh tina mamala éta sok diayakeun hajatan/salamétan wé, atawa ngayakeun palakiahna.

Disebut urang Sunda téh tangtu aya asalna. Kecap Sunda asalna tina kecap *sundek*, *sundul*, atawa *suda*. Disebut *sundek* lantaran nagarana dareukeut jeung teu pati lega. Pangawéruhna ogé *sundek* teu mibanda pamikiran panjang. Kecap *sundek* téh hartina cukup ku nu saeutik, cukup ku hasil tanina. Aya deui *kasundekanana* nya éta kapinteranana atawa tanagana ngan saukur ngandelkeun hiji perkara, anu kira-kirana bisa payu. Dina basana ogé anu dipikaresep téh basa anu ngawirahma sangkan resep nu ngadéngéna, ngan saukur cukup ku *sindiran*, *sesebrédan*, *kakawihan*, nyonto tina ronggeng atawa *pantun*.

Nu dimaksud ka-Sundaanana jeung kasudaanana urang Sunda, nya éta leuleus haténa, teu pernah ngabogaan pikiran nu langka kaalaman. Urang Sunda mah teu pernah mikiran nu jauh-jauh, barang nu teu lumrah pikeun manéhna, karesepna téh ngan babakti ka ménak, anu méré maranéhna dahar, najan mindeng diambek ogé, asal ulah ngambek bari teu méré. Jeung deui kaheureutan pikiran urang Sunda dina méré ngaran hiji barang, lolobana mah nurutan sorana, nurutkeun pangdéngéna

## BAB IV

# MASARAKAT KANÉKÉS TIPEU MASARAKAT SUNDA HEUBEUL

### 4.1 Ilustrasi jeung Istilah

Waktu Édi. S Ékajati nganjang ka masarakat Kanékés, kahirupan maranéhna biasa, sarua jeung urang lumrahna. Sikep maranéhna soméah ka sasama, lingkunganana beresih, hirupna ogé kaatur ku tetekon. Ngan pédah meureun warna pakéanana anu sarwa bodas keur urang Baduy Dalam jeung warna hideung keur urang Baduy Luar, ditambah ku iket nu warna biru kolot.

Boh dina literatur boh dina paguneman sapopoé masarakat Sunda jeung luar Sunda, kelompok masarakat éta téh mémang biasa disebut urang Baduy atawa masarakat Baduy. Maranéhna sorangan ogé ngarti éta sebutan téh keur maranéhna. Ngan, sabenerna mah maranéhna sorangan ngarasa rido jeung teu sukaeun ku sesebutan éta, lantaran maranéhna nyaho yén sebutan éta téh ngabogaan wangenan anu nyaruakeun maranéhna jeung urang Badwi, nyaéta kelompok masarakat nu resep lalampahan di padang pasir di Arab anu disorot handap peradabanana. Kamungkinan sebutan Baduy anu mibanda konotasi hinaan éta téh asalna ti masarakat sabudeureunana anu geus ngagem agama Islam anu ngasosiasikeun hubungan antara maranéhna jeung urang Baduy ku hubungan antara urang Arab (Quraisy) jeung jeung urang Badwi. Soalna mah, kecap *baduy* sorangan mibanda ciri has salaku kecap dina basa Sunda, saperti tuluy, aduy, uruy, jsté. Salian ti éta ogé istilah Baduy atawa Cibaduy dipikawanoh ogé di wewengkon éta salaku ngaran wewengkon, pasir, jeung wahangan anu jadi tapel wates beulah kalér.

Di lingkungan maranéhna sorangan aya istilah anu biasa digunakeun jeung dipikaresep. Éta istilah téh nyaéta Kanékés anu digunakeun pikeun méré ngara sakabéh kelompok masarakat éta jeung sakabéh wewengkon pamukiman éta. Jadi, maranéhna biasa nyebut manéh ku sebutan urang Kanékés, masarakat Kanékés, ogé désa Kanékés. Dina ieu tulisan saterusna mah ngagunakeun kecap Kanékés.

### 4.2 Lokasi jeung Démografi

Sakabéh pamukiman urang Kanékés disebut Désa Kanékés anu kaasup kana wewengkon Kacamatan Leuwidamar, Kabupatén Lebak, Provinsi Banten. Kacamatan Leuwidamar kabagi jadi dalapan désa. Désa Kanékés ayana di beulah kiduleun kacamatan éta anu mangrupa daérah aliran walungan Ciujung di beulah kaléureur Pagunungan Kendeng, kaasup wilayah Banten Kidul.

Legana Désa Kanékés téh kira-kira 5.101,85 héktar, désa panglegana di Kacamatan Leuwidamar. Wewengkon Désa Kanékés téh dieusi ku leuweung, huma, rungkun, jeung pakampungan. Désa ieu diwatesanan ku désa Cibengkung jeung Désa Maragati di beulah kalér, Kacamatan Bojongmanik jeung Kacamatan Malingping di beulah kulon, Kacamatan Malingping jeung Kacamatan Bayah di beulah kidul, sarta Kacamatan Bayah jeung Kacamatan Muncang beulah wétan.

Désa Kanékés téh kira-kira 13 kilométer beulah kiduleun kota Kacamatan Leuwidamar, kira-kira 38 kilométer beulah kiduleun kota Kabupatén Rangkasbitung, kira-kira 120 kilométer beulah kuloneun kota Jakarta, jeung kira-kira 180 kilométer beulah kuloneun kota Bandung.

Pamukiman urang Kanékés mangrupa wewengkon pasir-pasir anu beuki ka kidul beuki lamping. Leuweung geledegan di sabudeureun Pagunungan Kendeng mangrupa sumber cai anu penting pikeun DAS Ciujung di beulah hilir.

#### **4.3 Asal-Usul, Kalungguhan, jeung Fungsi**

Urang Kanékés téh urang Sunda ogé. Euweuh bédana jeung urang Sunda séjénna. Maranéhna ngomong maké basa Sunda anu bisa dipikaharti ku nu séjénna, saperti halna maranéhna ngarti kana basa Sunda anu diucapkeun ku urang Sunda séjénna. Warna kulit, bentuk jeung ukuran awak, sarta beungeut urang Kanékés bisa disebutkeun sarua jeung urang Sunda nu séjénna. Anu ngabédakeunana téh nyaéta urang Kanékés jeung urang Sunda séjénna téh nyaéta sistem jeung pola hirupna anu ku kecap séjénna mah nyaéta kabudayaanana.

Lantaran kahirupanana anu kaisolir salila mangabad-abad nepi ka kiwari, sikep hirup maranéhna mah sok nampik asupna kabudayaan luar jeung mertahankeun cara hirup luyu jeung anu diajarkeun ku karuhunna, mangka kabudayaan urang Kanékés kacida saeutikna kapangaruhan ku budaya luar. Ku lantaran kitu, masarakat Kanékés loba kénéh neundeun unsur, pola, jeung sistem kamasarakatan sarta kabudayaan Sunda heubeul. Atawa masarakat Kanékés téh masih ngeunteungkeun tipe masarakat jeung kabudayaan Sunda heubeul dibandingkeun jeung kelompok masarakat Sunda séjénna.

Aya tilu pamadegan ngeunaan ti mana asalna urang Kanékés. Kahiji, pamadegan anu nyebutkeun yén urang Kanékés téh mimitina mah mangrupa sakelompok masarakat anu kabur ti Karajaan Sunda Pajajaran, nalika puseur dayeuh karajaan, nyaéta Pakuan Pajajaran, diserbu ku pasukan gabungan muslim ti Banten, Cirebon, jeung Demak. Sawaréh pangagung jeung jeung pendudukna aya nu ngaloloskeun manéh tina kepungan pasukan. Tuluy maranéhna mubus ka wewengkon Pagunungan Kendeng anu leuweungna geledegan pikeun nyumput. Saterusna, maranéhna ngajadikeun éta tempat panyumputan téh minangka tempat pamukiman anyar anu dipikawanoh nyaéta Désa Kanékés.

Kadua, dumasar kana tradisi lisan urang Kanékés jeung data kapurbakalaan anu aya di wilayah Banten bisa dicokot kacindekan yén urang Kanékés téh asalna ti sakelompok masarakat pangungsi anu kadesek ku gerakan perluasan wilayah kakawasaan jeung pangislaman Karajaan Banten. Kelompok pangungsi éta ngagem agama Hindu jeung mimitina mah cicing di sabudeureun Gunung Pulosari. Maranéhna bisa ditaklukeun ku Sultan Banten sarta pasukanana. Sawaréhna daékeun asup agama Islam, sawaréhna deui mubus ka arah kidul. Kaom pangungsi éta muka pamukiman anyar di tempat panyumputanana jeung jadi wé pamukiman Kanékés. Jadi, antara dua pamadegan éta aya sasaranana, nyaéta duanana nyebutkeun yén urang Kanékés téh asalna ti kelompok anu ngungsi anu kadesek ku wilayah kakawasaan jeung pangislaman ti Kasultanan Banten. Ngan bédana, pamadegan kahiji mah, yén pangungsi éta téh asalna ti Pakuan Pajajaran, sedengkeun pamadegan kadua mah nyebutkeun yén kaum pangungsi téh asalna ti kalér, nyaéta ti sabudeureun Gunung Pulosari.

Katilu, pamadegan anu nyindekel kana pangakuan urang Kanékés sorangan. Nurutkeun maranéhna mah, ti mimiti, karuhun maranéhna hirup di wewengkon anu ku maranéhna dicicingan kiwari, nyaéta Désa Kanékés. Karuhun maranéhna asalna teu ti mana-mana jeung lain ogé asalna nu ngungsi. Kalawan nada kesel aya urang Kanékés anu nyebutkeun yén mimiti jaman Adam ogé karuhun maranéhna geus mukim di Désa Kanékés, lamun maranéhna disanghareupkeun kana patalékan anu ngaitkeun asal-usul manéhna jeung kaum nu kabur ti Pakuan Pajajaran.

Nyaritakeun ngeunaan asal-usul urang Kanékés, sakuduna mah nyoko kana kalungguhan masarakat éta dina kontéks masarakat Sunda heubeul sacara gembleng. Masarakat Kanékés mibanda kalungguhan jeung pancén husus dina hubungan jeung masarakat Sunda sagemblengna. Dina hal ieu, masarakat Kanékés sacara turun-tumurun mibanda kalungguhan pikeun *mandala* jeung sakabéh warga masarakatna ngemban pancén pikeun ngalakukeun *tapa di mandala*. Sedengkeun masarakat Sunda séjénna mah, di luar masarakat mandala, mibanda kalungguhan pikeun *nagara* jeung sakumna warga masarakat mibanda pancén pikeun *tapa di nagara*. Nu dimaksud *mandala* téh nyaéta tempat suci pikeun puseurna kagiatan ibadah. Dumasar kana prasasti kabantenan jeung naskah Sunda kuno mah, mandala téh disebut ku istilah *kabuyutan*. Aya dua jenis mandala, nyaéta *lemah déwasasana* jeung *lemah parahiyangan*. *Lemah déwasasana* téh nyaéta mandala pikeun pamujaan ka déwa (agama Hindu/Budha), sedengkeun *lemah parahiyangan* mah nyaéta mandala pikeun pamujaan hiyang (agama karuhun).

Balik deui kana asal-usul urang Kanékés, ditilik tina kontékss kronologi waktuna (antara ngadegna mandala Kanékés jeung runtuhna puseur dayeuh kota Karajaan Sunda), sigana mah mustahil generasi nu munggaran urang Kanékés asalna ti nu lumpat, boh ti Pajajaran boh ti Banten kalér, lantaran anakronitis. Nu mungkin mah nyaéta ayana jalma-jalma

nu lumpat nu nyalindung ka penduduk mandala Kanékés. Tuluy maranéhna téh bumén-bumén jeung penduduk Kanékés.

Urang Kanékés sadar pisan kana pancén maranéhna. Pancén maranéhna téh aya genep rupa, nyaéta:

- (1) *ngareksakeun sasaka Pusaka buana* (ngamumulé tempat pamujaan)
- (2) *ngareksakeun Sasaka Domas* (miara tempat pamujaan di Sasaka Domas)
- (3) *ngasuh ratu ngajayak ménak* (ngasuh pangawasa jeung pangagung)
- (4) *ngabaratapakéun nusa nu telu puluh telu, bangawan sawidak lima, pancer salawé nagara* (nganapakéun nusa 33, walungan 65, jeung puseur 25 nagara)
- (5) *kalanjakan kapundayan* (moro jeung néwak lauk pikeun kaperluan upacara Kawalu)
- (6) *ngukus ngawalu muja ngalaksa* (meuleum menyan nalika muja, ngalaksanakeun upacara Kawalu, jeung upacara nyieun laksa).

Sasaka Pusaka Buana téh nyaéta tempat nu dianggap paling suci di daérah Kanékés. Tempat ieu ogé dingaranan *Pada Ageung* jeung *Arca domas*.

Dipatalikeun jeung masarakat Sunda (Jawa Barat) kiwari, sacara gembleng jeung ku kapercayaan Sunda heubeul, nurutkeun Robert Wessing, masarakat Kanékés ngemban dua rupa fungsi. Nu kahiji, ngaliwatan kataatan hirup kana adat karuhun, maranéhna mibanda fungsi pikeun mertahankeun kaharmonisan kosmos (alam). Kadua, jadi padoman pikeun masarakat Sunda séjénna lantaran maranéhna tetep mraktékkeun adat heubeul dina kahirupanana. Dua fungsi éta minimal mibanda peran salaku fungsi kawajiban.

#### **4.4 Agama jeung Kapercayaan**

Dumasar kana katerangan ti kokolot Kampung Cikeusik nu ngaranna Naseni, Bupati Sérang P.A.A. Djajadiningrat negeskeun yén urang Kanékés téh lain nganut agama Hindu atawa agama Budha, tapi nganut Animisme. Nyaéta kapercayaan anu muja roh karuhun. Ngan dina kapercayaan urang Kanékés geus asup unsur-unsur agama Hindu jeung Islam.

Nurutkeun pangakuan maranéhna mah ogé kacatet dina KTP, agama anu dianut ku urang Kanékés téh nyaéta agama *Sunda Wiwitan*. Wiwitan téh hartina nu mimiti, asal, poko, jati. Atawa mun ceuk kecap séjén mah agama urang Kanékés téh agama Sunda Asli. Nurutkeun *Carita Parahiyangan* mah nyaéta agama JatiSunda.

Ngeunaan eusi agama Sunda Wiwitan sorangan saeutik dipikanyahona lantaran urang Kanékésna nutup manéh kana hal ieu. Tina nu saeutik éta bisa didésripsikeun kieu. Kakawasaan pangluhurna aya di *Sang Hiyang Keres* atawa *Nu Ngersakeun*. Manéhna téh disebut ogé Batara Tunggal, Batara Jagat, jeung Batara Séda Niskala. Manéhna téh cicing di *Buana Nyungcung*. Sakabéh déwa dina konsép agama Hindu tunduk ka Batara Séda Niskala.

Aya tilu alam, nurutkeun mitologi urang Kanékés saperti nu diungkapkeun dina carita pantun. Tilu alam nu dimaksud téh nyaéta (1) Buana Nyungcung, tempat andegléngna Sang

Hiyang Keres, anu ayana pangluhurna, (2) Buana Panca Tengah, tempat manusa jeung mahluk séjénna cicing, jeung (3) Buana Larang, nyaéta naraka. Antara Buana Nyungcung jeung Buana Panca Tengah aya 18 lapisan alam anu kasusun ti luhur ka handap. Lapisan pangluhurna ngaranna Bumi Suci Alam Padang atawa nurutkeun koropak 630 mah ngaranna téh Alam Kahiyangan atawa Mandala Hiyang. Lapisan alam éta téh mangrupa tempay cicingna Nyi Pohaci Asri jeung Sunan Ambu.

*Sang Hiyang Keres* nurunkeun tujuh batara di Sasaka Pusaka Buana. Salah sahiina nyaéta Batara Cikal, nu pangkolotna, nu dianggap karuhun urang Kanékés. Katurunan batara nu séjén maréntah di wewengkon séjén nu kaasup wilayah Banten. Kecap nurunkeun dina hubungan *Sang Hiyang Keres* jeung tujuh batara, lain hartina ngalahirkeun saperti manusa tapi hartina ngutus atawa ngadatangeun. Tina ngaran-ngaran déwa katempo aya unsur Hindu/Budha nu asup ka urang Kanékés.

Dina kapercayaan urang Kanékés, lemah atawa wewengkon di dunya ieu dibédakeun dumasar kana tingkatan kasucianana. Sasaka Pusaka Buana dianggap tempat anu pangsucina, ampir réréndéngan jeung Sasaka Domas. Saterusna, sacara ngurut kana tingkat kasucianana beuki turun nyaéta kampung dalam, kampung luar, Banten, Tatar Sunda, jeung luar Sunda. Sasaka Pusaka Buana jadi puseur dunya ogé jadi puseur di lingkungan kampung jero. Kampung jero jadi puseur dina lingkungan Kanékés. Désa Kanékés jadi puseur dina lingkungan daérah Banten. Banten jadi puseur dina lingkungan Tatar Sunda.

Kahirupan kaagamaan urang Kanékés katémbong dina upacara-upacara anu sipatna kaagamaan sarta sajumlahing larangan sarta paréntah anu asalna ti karuhun maranéhna. Upacara-upacara anu dimaksud diantaranya ngukus, muja, ngawalu, ngalaksa.

Aya dua pacaraman di urang Kanékés, nyaéta (1) *buyut adam tunggal*, nyaéta pacaraman anu ngawincik hal-hal poko sarta hal-hal nu laleutikna, pacaraman ieu ngan keur urang Kanékés jero, (2) *buyut nahun*, nyaéta pacaraman anu ngawincik ngan hal nu pokona wungkul, ieu ngan keur urang Kanékés luar. Ditilik tina tujuan anu hayang dihontal, pacaraman di Kanékés téh bisa diklasifikasikeun jadi tilu golongan, nyaéta (1) pacaraman pikeun ngayoman kamurnian sukma manusa, (2) pacaraman pikeun ngayoman kamurnian mandala, jeung (3) pacaraman pikeun ngayoman tradisi.

#### **4.5 Organisasi Sosial jeung Pamaréntahan**

Di masarakat Kanékés aya stratifikasi sosial, nyaéta hiji stratifikasi sosial anu ngadumasarkeun kana pembagian wilayah luyu jeung status kamandalaan Kanékés. Dina hal ieu wilayah Kanékés dibagi tilu wiyah, nyaéta (1) wilayah Tangtu (Baduy jero), (2) wilayah Panamping (Baduy luar), jeung (3) wilayah Dangka. Dumasar kana perbédaan wilayah kamandalaan ieu, tuntutan kahirupanana ogé béda.

Masyarakat Tangtu kabagi deui jadi tilu kelompok dumasar kana kampung tempat cicingna, nyaéta (1) kelompok maarakat anu cicing di Kampung Cibéo (*Tangtu Parahiyang*), (2) kelompok masarakat anu cicing di Kampung Cikeusik (*Tangtu Pada Ageung*), jeung (3) masarakat anu cicing di Kampung Cikartawana (*Tangtu Kadu Kujang*). Ieu tilu wilayah téh sok disebut *Telu Tangtu*.

Unggal kampung di wilayah Tangtu dipingpin ku saurang *puun*. Kalungguahn puun téh turun-tumurun sarta masa jabatanana teu tangtu, bisa nepi ka maot, bisa ogé nepi ka manéhna nyérénkeun ka nu séjén. Kalungguhan puun leuwih condong kana gurus soal anu aya pakuat-pakaitna jeung urusan karohanian batan urusan kadunyaan. Unggal puun mibanda pancén dina widang nu tangtu sacara séwang-séwangan luyu jeung konsép Tri Tangtu. Dina hal ieu, puun Cibéo ngemban pancén salaku Sang Prabu, puun Cikeusik salaku Sang Rama, jeung puun Cikartawana salaku Sang Resi.

Pindahna penduduk ti wilayah Tangtu ka wilayah Panamping dilantarankeun ku dua hal, nyaéta (1) *undur rahayu*, pindah dumasar kana kahayangna sorangan lantaran geus teu sanggup hirup di lingkungan masarakat Tangtu, (2) pindah lantaran dipiceun ti wilayah Tangtu lantaran geus ngarempak adat. Urang Kanékés anu hirup di luar wilayah Kanékés disebut masarakat Dangka.

Sahandapeun puun aya *seurat*, iwal di Cikartawana. Pancén seurat téh nyaéta miara *huma sérang*, pembantu utama puun, jeung jadi panghubung antara puun jeung masarakat. Sahandapeunana deui aya *barésan*. Barésan téh kaasup anggota sidang kapuunan sarta mibanda tanggung jawab dina pasualan kaamanan jeung katartiban. Jumlah barésan di unggal kampung teu sarua.

Pamaréntahan sapopoé di wilayah tangtu dicepeng ku jaro Tangtu. Pamaréntahan sapopoé di Panamping dicekel ku kokolot, jeung di wilayah Dangka dicekel ku jaro Dangka. Sakabéh pancén jaro di wilayah Kanékés dikoordinasi ku saurang pejabat anu disebut *tanggungan jaro duawelas*.

Puun dibantu ku *parawari* anu jumlahna sababaraha urang dina hal nanganan upacara. Dina urusan rumah tangga, puun dibantu ku saurang petugas anu dingaranan *parékan*. Pejabat anu pancénna salaku penaséhat sarta ngajaga kaséhatan puun disebut *panengen* (Cikeusik), *dukun pangasuh* (Cikartawana), *tangkesan* (Cibéo).

Di luar struktur pamaréntahan nu tadi, aya ogé lembaga pamaréntahan anu mangrupa bagéan tina struktur pamaréntahan di luar Kanékés, tapi diaku éksisténsina ku masarakat Kanékés. Kepala Désa Kanékés disebut jaro pamaréntah. Jaro pamaréntah dibantu ku saurang panggiwa jeung saurang carik.



## 4.6 Daur Hirup

### A. Kalahiran

Kalahiran saurang anak pikeun masarakat Kanékés anu geus rumah tangga kacida pisan dipidambana, lantaran bisa nangtukeun kalungguhan manéhna.. Prosés kalahiran saurang budak biasana mah sok ditulungan ku saurang paraji atawa ema beurang anu sok disebut ambu beurang atawa ambu girang. Aya katangtuan nu tangtu dina méré ngaran ka budakna, nyaéta séké kecap munggaran ngaran anak lalaki kudu sarua jeung séké kecap munggaran ngaran bapana. , sedengkeun ngaraan budak awéwé mah dikaitkeun jeung ngaran indungna. Sanggeus dibéré ngaran, tuluy budak téh dipasangan geulang kantéh (geulang nu dijieunna tina bola) dina leungeun kéncana lamun anakna awéwé, leungeun katuhuna lamun anakna lalaki. Geulang éta téh dipercaya pikeun nolak bala.

Di masarakat Kanékés loba dipanggihn jalma u ngaranna *Runtah*, *Cudih*, jeung *Pulung*. Ieu téh dilantarankeun ku kabiasaan urang Kanékés miceun anakna sakeudeung kana tempat sampah lamun ankana ririwit, lamun kajadianana kitu mangka anakna bakal gura-giru diganti ngaranna jadi Runtah pikeun lalaki jeung Cudih pikeun awéwé.

### B. Sunatan

Dina umur kira-kira 5-7 taun saurang budak lalaki urang Kanékés biasana mah sok disunatan téh. Sanggeus budak réngsé disunatan, budak éta téh sok terus digeulangan minangka ciri yén éta budak téh geus ngaliwatan masa barudak sarta mimiti asup kana masa persiapan nuju masa déwasa. Ti mimiti harita, éta budak diaku sacara pinuh salaku anggota masarakat Kanékés.

### C. Kawinan

Di urang Kanékés mah biasana téh kawinanana lamun geus umur 18 pikeun awéwéna jeung 23 pikeun lalakina. Di masarakat Kanékés mah umumna urusa jodo masih jadi urusan kolot. Kolot nu pangnéangankeun jodo pikeun anakna, boh lalaki boh awéwé. Dina wates-wates nu tangtu dipikawanoh ogé prosés bobogohan. Lamun kadua kolotna geus sapuk pikeun ngajodokeun anakna, maranéhna nyiapkeun sagalana guna ngalumangsungkeun upacara lalamar. Jangka waktu antara upacara lalamar jeung kawinan rélatip, bisa lila bisa sakeudeung.

Aya sababaraha upacara anu kudu dilaksanakeun dina prosés kawinan. Kahiji, upacara pasabunan. Kadua, upacara ngabokoran, sarta katilu upacara akad nikah di imah pangantén awéwéna. Sanggeus kawin, biasana mah pangantén awéwé pindah ka imah mitohana pikeun diajar ngarumah tangga. Engké lamun geus sanggup, maranéhna tuluy ngabangun imah sorangan.

#### **D. Kapapaténan**

Urang Kanékés sadar tur percaya yén unggal manusa pasti tumiba jeung pati, anu ceuk istilah maranéhna mah kaparupuhan pikeun peristiwa kapapaténan jeung ngahiyang nu hartina geus hiyang, sukma balik deui ka tempat hiyang. Lamun kajadian aya nu maot, di Kanékés mah ngan ukur kacipta suasana nu tenang ditambah sababaraha urang nu ngurus mayit. Suasana sedih ngan katangén dina sorot panon kulawarga si mayit. Mémang urang Kanékés ditungtut ku tradisina sangkan bisa ngadalikeun émosi, nepi ka dicaram pikeun ceurik sajadina atawa seuri nyakakak. Tradisi maranéhna ngan dimeunangkeun semet ngeclakkeun cipanon salaku perwujudan tina kasedih sarta nga semet imut salaku perwujudan gumbira.

Mayit urang Kanékés dikuburkeun dina jero taneuh. Lokasi kuburanana di sabudeureun pakampunganana. Kuburan urang Kanékés teu dibéré tanda husus anu ngadungkuk, tanda éta ngan mangrupa tangkal hanjuang. Nu ngurus mayit urang Kanékés dilakukeun ku penghulu. Mayit urang Kanékés dikuburkeun ka arah kulon-wétan kalawan sirah di beulah kulon. Posisi panguburanana nyangigir kalawan beungeut nyanghareup ka kidul, nyaéta ka arah Sasaka Pada Ageung. Dina poéna tujuhna atawa 40-na sanggeus kapapaténan, diayakeun upacara tujuhna jeung matang puluh kalawan maksud ngadungakeun nu geus maot.

#### **4.7 Pakasaban jeung Sistem Tatanén**

##### **1. Gambaran Umum**

Sakabéh urang Kanékés hirup tina hasil tani. Tatanén anu digarap ku maranéhna nyaéta sistem huma. Ngagarap taneuh ku sistem nyawah mangrupakéun hal nu pamali (pacaraman) pikeun maranéhna mah. Sagédéngeun ngahuma paré, sumber kahirupan maranéhna téh deuih tina nyadap kawung pikeun dijadikeun gula beureum, néangan madu di leuweung, moro di leuweung, néwak lauk, sarta ngupayakeun melak tangkal nu tareuas pikeun dipetik buahna saperti cau, kadu, peuteuy, kalapa, rambutan, jsté. Sawaréhna deui jadi panday beusi. Sawaréhna kaom wanoja ninun kaén di imah ku alat tenun tradisional pikeun kabutuhan sandang sorangan.

Di masarakat Kanékés mah taneuh téh lain hak milik, tapi kaasup kana leuweung sabudeureunana anu dianggap salaku barang titipan Nu Mahakawasa. Maranéhna mah ngan boga pancén pikeun ngurus wungkul. Urang Kanékés ogé boga cara pikeun nyieun atawa ngitung kalénder.

## **2. Ngagarap Huma**

### **a. Rupa huma**

Dumasar kana fungsina, ayana lokasina, jeung tingkatan adatna, di Kanékés dipikawanoh aya lima rupa huma, nyaéta (1) huma sérang (nu lokasina di daérah tangtu sarta paréna husus pikeun upacara-upacara kapuunan), (2) huma puun (nu lokasina di daérah tangtu, pikeun garapeun puun), (3) huma Tangtu ((di daérah Tangtu pikeun garapeun penduduk Tangtu), (4) huma tuladan (nu lokasina di daérah Panamping, paréna pikeun upacara di Panamping), jeung (5) huma Panamping (pikeun garapeun penduduk Panamping).

### **b. Daur Ngagarapna**

Sakumaha ngagarap huma dina ilaharna, ngagarap huma di Kanékés ogéngalaman pindah-pindah lokasi, lantaran lahan huma mah teu bisa terus-terusan digarap nginget kana kasuburan taneuhna. Lahan huma di Kanékés ngan digawéan salila sataun atawa sakali ngagarap. Lahan huma anu geus ditinggalkeun dingaranan jami lamun can lila, sedengkeun nu geus lila mah dingaranan reuma.

### **c. Prosés Ngagarapna**

Ditilik tina tempat kalungguhan bintang kijang, prosés ngagarap huma di Kanékés kagambar dina rumusan ieu. Kahiji, tanggal kidang, turun kujang. Hal ieu hartina waktu mimiti digawé di huma. Kadua, kidang rumangsang. Dina waktu ieu sakabéh jukut jeung pangpung kudu geus garing, siap pikeun diduruk. Katilu, kidang muhunan, nyaéta ayana geus panceg dina luhureun embun-embunan nalika subuh. Dina waktu ieu, lahan huma geus beresih, siap pikeun dipelakan. Kaopat, kidang ilang, turun kungkang. Hartina mangsana kaluar hama paré saperti walangsengit.

Ditilik tina kagiatan gawéna, prosés ngagarap huma éta ngaliwatan salapan tahap, nyaéta (1) narawas, (2) nyacar, (3) nukuh, (4) ngaduruk, (5) ngaseuk, (6) ngirab sawan, (7) ngoréd, (8) dibuat, jeung (9) ngunjal atawa ngakut.

## **4.8 Sandang, Pangan, Papan**

### **1. Sandang**

Bisa dibédakeun dina cara papakéan urang Kanékés antara lalaki jeung awéwé sarta papakéan urang tangtu jeung urang Panamping. Lalaki Kanékés nutupan awakna ku sasét pakéan anu ngawincik tilu bagéan, nyaéta (1) iket sirah, (2) baju, jeung (3) sarung. Iket urang Kanékés dijieun tina kaén nu ngabentuk juru tilu. Urang Tangtu maké iket nu warnana bodas alami. Iket urang Panamping mah nu sok disebut mérong warnana téh bitu nila.

Kaén baju urang Tangtu dijieun ku sorangan tina serat daun pélah atawa kaén balacu nu warnana bodas alami. Leungeunna panjang, tanpa kerah, jeung tanpa kancing, biasana mah

disebut kutung. Lalaki Panamping maké baju anu disebut jamang kamprét, aya dua lapis, nyaéta anu warnana bodas di jero jeung nu warnana hideung di luar. Tapi loba ogé urang Panamping nu ngan ukur maké baju hideung.

Sarung nu digunakeun ku lalaki tangtu waé tina benang kasar warna bodas sarta garis-garis biru nila. Sarung nu sok disebut aros éta dipaké ku cara dibeungkeut ku kaén ogé anu ukuranana leutik anu sok disebut beubeur jeung dipaké semet tuur. Sarung lalaki Panamping mah warnana hideung, disebutna téh poléng hideung.

Ari papakéan awéwéna mah ngawincik (1)kemben pikeun nutupan awak bagian luhur, (2) kaén lunas pikeun nutupan awak bagéan handap. Sedengkeun awéwé Panamping mah maké baju kabaya warna biru ngora sarta kaén warna biru kolot. Tapi lamun keur upacara nu tangtu mah maraké warna bodas.

Perhiasan ogé dipikawanoh ku urang Kanékés, hususna awéwé. Perhiasanana téh tina pérak jeung emas saperti kongkorong, geulang, jeung anting. Buuk awéwé urang Kanékés biasana disisir rapih, sedengkeun buuk lalakina mah katutup ku iket. Sigana mah buuk kaom lalakina jarang ditareukteuk, komo kalangan generasi kolotna mah.

## **2. Pangan**

Kadaharan poko urang Kanékés nyaéta sangu. Sangu diolah tina béas ku cara diseupan ngagunakeun sééng, aseupan, jeung dulang. Béasna sorangan diolah tina paré huma téa. Cara ngolahna téh ku cara ditutu di saung lisung. Deungeun sanguna antara lain lauk, daging, lalab, jeung sayur-sayuran. Urang Kanékés ogé biasa masak anak nyiruan ku cara dipais pikeun deungeun sangu. Kadaharan maranéhna dipasak ku cara diseupan, dibeuleum, digodog, jeung dipais. Maranéhna nginum cai entéh anu caina ditaheur heula jeung entéhna dijieun sorangan tina daun tulang.

## **3. Papan**

Imah urang Kanékés dijieun tina bahan anu geus aya di alam sabudeureunana, nyaéta kai, awi, daun rumbia, injuk, hoé, jeung batu. Kai pikeun nyieun tihang jeung karangka imah. Awi pikeun usuk, eréng, ubin, palangdada, panto, sarta tarajé. Daun rumbia pikeun suhunan/kenténg, jsté. Di daérah Tangtu mah kai téh ngan dicokot kulina wungkul, sedengkeun di Panamping mah kai téh dibentuk sarta dilemeskeun ngagunakeun sugu. Imahna téh panggung, unggal imah ngabogaan kolong.

Rohangan di jero imah dibagi jadi dua, nyaéta bagéan luar jeung bagéan jero. Rohangan luar mangrupa tepas pikeun narima tamu, sedengkeun bagéan jero mah pikeun rohangan tempat saré, dahar, jeung masak. Dua bagéan éta diwatesanan ku giribig/bilik. Euweuh jandélaan imah urang Kanékés mah, ngan saukur liang ukuran 3X3 cm anu fungsina

pikeun média nyaangan rohangan nalika beurang, véntilasi hawa, jeung pikeun ngintip jalma nu di luar. Euweuh pager deuih di unggal imah Kanékés mah.

#### **4. Pakakas**

Pakakas hirup urang Kanékés teu loba rupana. Panggedéna mah mangrupa pakakas tatanén. Umumna mah pakakasna téh meunang nyieun sorangan, ngan saeutik nu didatangkeun ti luar. Pakakas rumah tangga urang Kanékés diantarana pakakas saré, pakakas masak, pakakas dahar jeung nginum, sarta pakakas séjénna. Di Panamping mah ahir-ahir ieu geus mikawanoh kaca eunteung, kéncéng, séndok, garpuh, piring, gelas, radio, lampu minyak tanah, lampu sénter, tape recorder, najan dipakéna susulumputan jeung gura-giru disumputkeun lamun aya urang Tangtu datang ka tempat maranéhna.

#### **B. Hubungan Antara Désa jeung Kota**

Corak kahirupan désa ditangaraan ku kahirupan anu relatif homogén sarta nyindekel dina sabudeureun tatanén. Nepi ka abad ka-19 mah sistem tatanén anu nonjol digunakeun di masarakat Sunda téh nyaéta ngahuma. Ti mimiti pertengahan abad ka-19 sistem nyawah mimiti dipopulérkeun sacara sistematis tur gedé-gedéan.

Ditilik tina aspek kabudayaan, corak kahirupan masarakat désa jeung kota di Jawa Barat (Sunda) geus ngawangun ciri nu mandiri, nepi ka mibanda éksisténsi séwang-séwangan, sagédéngéun mibanda sasaruana antara duanana éta. Salah sahiji paktor nu ngalantarankeun perséntaseu kamekaran di wilayah perkotaan Jawa Barat ngaronjat kalawan gancang nyaéta ayana masalah urbanisasi, pindahna penduduk ti désa ka kota. Hal ieu téh dilantarankeun wilayah padésaan henteu mampuh méré lapangan pagawéan anu layak pikeun pendudukna, gangguan kaamanan, jeung pikeun kapentingan neruskeun pendidikan. Sagédéngéun éta ogé, urang luar Jawa Barat loba nu asup ka kota-kota di Jawa Barat pikeun sementara atawa tetep pikeun kaperluan pendidikan, néangan pagawéan, nuturkeun tempat tugas, jeung nu séjénna deui.

#### **4.9 Kamekaran Désa**

Mimitina mah désa téh kawangun dumasar kana persekutuan adat, nepi ka sok biasa disebut désa adat. Hal ieu téh di masarakat Sunda mah geuning sok aya kekecapan: "*ciri sabumi, cara sadésa*", ieu hartina unggal désa mibanda ciri atawa adat séwang-séwangan. Mimiti masa pamaréntahan kolonial aya campur tangan dina masalah pamarényahan désa. Sacara berangsur-angsur pamaréntah kolonial ngaluarkeun palaturan-palaturan pikeun ngarobah administrasi pamaréntahan désa tur pikeun kapentingan maranéhanana. Tapi kadieu-dieunakeun, sanggeus Indonésia merdika, kalungguhan désa kaasup kana struktur pamaréntahan sahandapeun kacamatan. Désa diluluguan ku saurang kepala désa atawa masih

kénéh aya nu diluluguan ku saurang luwu/lurah. Kadieunakeun, désa keur dicoba/digodog pikeun ngalaksanakeun otonom daérah. Di Jawa Barat aya kana rébuna jumlah désa téh.

### C. Jenis jeung Pola Désa

Dumasar kana létak géografisna, désa-désa di Jawa Barat bisa digolongkeun jadi tilu jenis, nyaéta:

- (1) désa pagunungan, nyaéta désa anu ayana di wewengkon pagunungan jeung dataran tinggi.
- (2) désa dataran rendah, nyaéta désa anu ayana di wewengkon dataran rendah,
- (3) désa basisir, nyaéta désa anu ayana di sisi basisir, di sapanjang basisir anu ngurilingan wilayah Jawa Barat bagian kalér, kulon, jeung kidul.

Dumasar kana sistem pakasaban poko penduduk, désa-désa di Jawa Barat bisa dibédakeun jadi:

- (1) désa tatanén, nyaéta désa anu kahirupan utama pendudukna dina widang tatanén ku cara ngolah taneuh. Ieu désa bisa dibagi deui jadi tilu, nyaéta (1) désa pasawahan, (2) désa pagunungan, jeung (3) désa perkebunan.
- (2) Désa nelayan, nyaéta désa anu kahirupan utama pendudukna tina hasil néwak lauk di laut, lantaran lokasi désana ogéaya di di sisi basisir atawa sabudeureunana.
- (3) Désa karajinan, nyaéta désa anu kahirupan utama pendudukna tina widang karajinan atawa industri.

Ditilik tina juru pengelompokan wangunana, désa-désa di Jawa Barat bisa digolongkeun jadi tilu rupa pola, nyaéta:

- (1) désa linier, nyaéta désa anu imah pendudukna berkelompok manjang miluan alur jalan désa atawa jalan raya, aliran walungan, jalur lembah, atawa garis basisir,
- (2) désa radial, nyaéta désa anu imah kampung-kampungna berkelompok di parapatan jalan,
- (3) désa di sabudeureun alun-alun atawa lapangan nu kabuka, nyaéta désa anu pamukiman penduduk jeung bangunan perlengkapan désana berkelompok di sabudeureun alun-alun désa atawa lapangan nu kabuka. Poa désa sarupaning kieu ditempo salaku imitasi jeung miniatur tina pola kota kabupatén atawa kota kacamatan.

### D. Sistem Kapamilikan Tanah

Dina masarakat agraris mah tanah taéh mangrupa sumber produksi pakaya anu utama. Lantaran kapamilikan tanah mawa préstise anu luhur, nepi ka klasifikasi penduduk désa bisa didumasarkeun kana kapamilikan tanah. Dina mangsa masing kénéh lumangsungna cara tatanén ngahuma, di masarakat Sunda teu mikawanoh kana status hak milik individu kana tanah, tanah dianggap milik nu balaréa. Status hak milik individu kana tanah di Jawa Barat mimiti diberlakukeun ku dikaluarkeunana Undang-Undang Agraria taun 1870. Nepi ka kiwari sistem kapamilikan tanah samodél kitu angger nétépna.

Nurutkeun Soepomo, dina taun 1931 di Jawa Barat aya lima rupa sistem kapamilikan tanah, nyaéta (1) hak ngaku, nyaéta ngaku ngawasaan tanah salila digarap, husus pikeun tanah

huma, (2) hak milik, (3) hak milik anu kabeungkeut, (4) hak usaha, jeung (5) hak nyokot hasilna lantaran kalungguhanana.

#### 1. Huma

Tadi ogé geus dijéntékeun yén dina sistem tanah huma mah hakna téh ngan hak ngaku wungkul, nyaéta hak ngaku salila manéhna ngagarap éta tanah anu dihuma. Sistem kieu téh masih kénéh loba dipanggihan di wewengkon Banten, hususna Banten kidul. Ngan kiwari mah garapan nu ngahuma téh geus diatur ku aturan anu disebut *hoemablok regeling*.

#### 2. Tanah Sawah, Kebon, Empang, Balong, jeung Pakarangan

Di luar tanah huma anu sipatna ngaku tuluy aya nu hak milik, tanah di padésaan wilayah Jawa Barat statusna aya opat rupa, nyaéta hak milik, hak milik kabeungkeut, hak usaha, jeung hak ngala hasil lantaran kalungguhanana. Hak milik kana tanah (sawah, kebon, balong, pakarangan) ngawincik kakawasaan anu hak milik sagemblengna, ku cara ngabeungkeut sababaraha kawajiban ka masarakat anu kudu diperhatikeun ku nu ngapimilik. Asal-usul kajadianana hak milik aya opat rupa, nyaéta (1) lantaran muka lahan anyar, (2) warisan, (3) meuli ti pihak séjén, jeung (4) hibah atawa paméré.

#### 3. Fungsi Tanah

Nurutkeun Diréktorat Tata Guna Tanah, aya 11 rupa panggunaan tanah di Jawa Barat, nyaéta sawah, kebon campuran, pertanian tanah garing, leuweung geledegan, leuweung sajénis, perkebunan, tanah tandus, rawa jeung tambak, situ, perkampungan, jeung nu séjénna deui. Ngagarap *sawah nagara* atawa *sawah yasa* téh digawéan ku para patani anu mangrupa penduduk désa. Fungsi tanah di hiji désa bisa ngalaman parobahan luyu jeung barobahna kapamilikan tanah jeung kahirupan sosial budayana.

### **E. Penduduk**

Jumlah jeung perséntaseu jumlah penduduk Jawa Barat di wilayah padésaan jauh leuwih gedé batan di wilayah pakotaan ti baheula nepi ka ayeuna. Dumasar kana sésus penduduk, katangén yén ngaronjatna jumlah penduduk di wilayah padésaan Jawa Barat cukup luhur, najan tingkat kaheurinana banding jeung lega lahanna. Di Jawa Barat ogé kiwari mah geus ngamukim sababaraha étnik anu lain urang Sunda.

Munculna kompléks industri, utamana industri beurat atawa industri gedé, di sajumlahing wewengkon padésaan Jawa Barat ahir-ahir ieu saeutik-saeutik geus ngarubah komposisi penduduk désa anu cenderung ka arah hétérogén lantaran datangna jalma-jalma ti énis séjén ka daérah éta salaku pagawé pabrik.

## **F. Pamaréntahan**

### **1. Pembagian Wilayah Administratif**

Di luhur geus disebutkeun yén désa téh mangrupa hiji lembaga otonom. Désa mibanda wilayah pamaréntahan sorangan anu wates-watesna ditangtukeun sarta diaku ku pamaréntah jeung masarakat désa satempat, pamaréntah jeung masarakat désa-désa tatanggana, jeung tingkat pamaréntahan nu leuwih luhur.

Dina raraga ngatur pamaréntahan, wilayah désa dibagi-bagi kana bagéan-bagéan anu sok disebut kampung. Jumlah kampung di hiji désa teu sarua, gumantung kana lega henteuna wilayah sarta loba henteuna penduduk. Désa leutik ngan saukur 2-3 kampung. Désa gedé mah bisa kabagi jadi dalapan kampung atawa leuwih. Dina hiji kampung ogé aya nu disebut rukun kampung (RK) atawa kiwari mah rukun warga (RW) terus dina RW aya rukun tétangga (RT). Di désa mah ilaharna aya kampung anu disorot salaku puseur désa atawa inti désa atawa dayeuh. Nyaéta kampung anu mimiti aya di désa éta atawa nu jadi puseurna pamaréntahan désa.

### **2. Pamaréntahan Désa**

Pamaréntahan désa dipingpin ku saurang kapala désa. Sebutan pikeun kepala désa di Jawa Barat rupa-rupa antara wilayah nu hiji jeung wilayah nu hiji deui. Kepala désa dibantu ku saurang juru tulis sarta aya nu disebut kokolot anu gawéna méré papatah ka kepala désa. Kepala désa jeung jajaranaana biasana sok disebut pamong désa.

### **3. Pamilihan Kepala Désa**

Mimitina mah milih pamingpin désa téh ku prosés pamilihan alam, di mana salah asurang anu panghadéna tampil salaku pamingpin masarakat atawa kepala lingkungan hirup maranéhna. Saterusna, pamingpin hiji kelompok masarakat dipilih ngaliwatan omongan jalma-jalma nu kakoncara di masarakat, boh sacara formal boh henteu. Tapi kadieunakeun mah pamilihan kepala désa téh dipilih ngaliwatan pemilihan umum, dimana calonna téh geus meunang nyeléksi ku panitia pemilihan umum.

### **4 Panghasilan Kepala Désa sarta Pamong Désa Séjénna.**

Sakumaha prinsipna nu masih kénéh katémbong di masarakat Kanékés, rupana mah sacara tradisional sumber penghasilan kepala désa jeung pamong désa séjénna mangrupa tanah atawa tanaga rahayat. Tanah éta digarap sarta hasilna diala ku maranéhna. Tapi kiwari aya ogé anu tina pajeg désa.

### **5. Perlengkapan Désa**

Kegiatan sapopoé pamaréntahan désa dilakukeun di hiji wangunan anu sok disebut balé désa. Biasana mah balé désa ayana di tengah-tengah wilayah désa éta atawa deukeut jeung imah kepala désa. Lokasi balé désa sok disebut dayeuh. Balé désa diwangun ku swadaya



masarakat désana sorangan. Deukeut jeung balé désa biasana aya hiji masjid désa anu fungsina pikeun kagiatan kaagamaan di désa. Terus loba deuih désa anu nyadiakeun alat komunikasi jeung masarakat. Mun baheula mah mangrupa kohkol, baréng, goong, ogé alat-alat kasenian séjén Tapi kiwari mah geus aya nu ngagunakeun pengeras sora.

#### 6. Kegiatian Pamaréntahan Désa

Minangka lembaga masarakat anu tumuwuh di jero masarakat éta sorangan, bisa dibayangkeu yén dina mimitina mah kagiatan pamaréntahan désa luyu jeung kaperluan kahirupan masarakat désa éta sorangan. Ku majuna sistem pamaréntahan nagara, kiwari mah pamaréntahan désa téh geus luyu ogé jeung kaperluan pamaréntahan nagara.

### G. Organisasi Sosial jeung Struktur Sosial

Nu dimaksud organisasi sosial di dieu téh nyaéta sistem pangelompokan dumasar atas umur, jenis kelamin, jeung hubuga kekerabatan. Sedengkeun stuktur sosial ngangkut ngbahas ngeunaan hubungan nu aya di individu atawa kelompok individu di jero masarakat nu jadi hiji sistim hubungan.

#### 1. Pangelompokan Dumasar Umur

Dumasar umur di masarakat Sunda bisa dibédakeun jadi 6 kelompok umur. Kelompok éta nyaéta orok, nu umurna nepika 12 bulan; budak, umurna 1-15 taun; bujang atawa jajaka, mojang atawa parawan, nu umurna 16-25 taun; sawawa, nu umurna 26-40 taun, tengah tuwuh, 41-50 taun; kolot nu umurna 51 taun kaluhur. Awéwé 17 taun nu geus kawin bisa disebut sawawa.

Unggal kelompok umur, iwal orok ngabogaan bentuk jeung jenis pergaulan séwang-séwangan. Kelompok budak gaul jeung sapanterna. Dina masarakat Sunda pangelompokan umur éta dina kadar nu tangtu nembongkeun ogé stratifikasi sosial jeung susunan beuki luhur umur beuki luhur tingkatan sosialna.

#### 2. Pangelompokan Dumasar Jenis Kelamin

Pangelompokan dumasar jenis kelamin mangrupa kodrat alami nu justru ngamungkinkeun kahirupan manusa nu terus naék ti generasi ka generasi. Dina kulawarga, lalaki boga kadudukan salaku kapala kulawarga nu tanggung jawab kana kasejahteraan hirup sakabéh anggota kulawarga. Awéwé ngemban kawajiban ngatur kahirupan rumah tangga kulawarga jeung ngasuh anak. Lamun statusna randa awéwé bisa jadi kepala kulawarga. Dina kaayaan nu tangtu awéwé bisa ngabantuan ekonomi kulawarga, tapi pagawéanan nu teu loba ngagunakeun tanaga fisik.

### 3. Pangelompokan dumasar Sistem Kekerabatan

Urang Sunda nganut kekerabatan paréntal, nu hartina ngitung jeung ngaku kekerabatan tina garis katurunan bapa jeung indung. Dina hal ieu indung jeung bapa ngabogaan hak anu sarua pikeun anak-anakna.

Penting henteuna hubungan kekerabatan ditangtukeun ku unsur-unsur nu jadi padoman anantara kerabat nu bilateral. Unsur-unsur nu dimaksud nyaéta béda angkatan jeung generasi, béda jenis kelamin, béda katuruna, béda kerabat lantaran hibungan perkawinan, béda derajat lantaran kekerabatan, béda kedudukan timbal-balik antara dua kedudukan anggota kerabat, béda umur relatif, béda umur rélatif pihak panyambung.

### 4. Tingkatan Sosial

Sumiati Alisyahbana nu ngalakukaeun studi tina stuktur kelas urang Sunda di wilayah Priyangan nétélakeun yén kriteria pikeun tingkatan sosial masarakat desa di wilayah ieu rupa-rupa. Dina hal ieu lima rupa, dumasar pemilikan taneuh nu aya pakaitna jeung tanam paksa, pemilik taneuh nu lega, heureut, atikan, kedudukan dina peamaréntahan desa.

Dumasar pemilikan taneuh nu pakaitna jeung pelaksanaan tanam paksa, bisa dibédakeun jadi tilu kelompok sosial masarakat desa.nyaéta :

1. pribumi, jalmi bumi atawa cacah, nyaéta katurunan kulawarga-kulawarga pangadeg desa
2. bayubud, batur, atawa manumpang, nyaéta nu biasana ngan boga imah jeung pakarangan.
3. bujang atawa nyusup nyaéta jelemanu boga imah, aya di pakarangan milik nu séjén.

### 5. Organisasi Sosial

Ditilik ti juru sajarah, organisasi sosial hirup dina masarakat desa di Jawa Barat aya nu boga ciri-ciri lembaga jeung aya ogé nu boga ciri-ciri organisasi. Organisasi tradisional muncul dina masarakat desa di Jawa Barat cenderung salaku hasil inisiatif jeung kréatif masarkat desa nu didorong ku kabutuhan maranéhna dina nyanghareupan pasoalan-pasoalan maranéhna.

Ngeunaan organisasi modern diwangun dina jaman Republik Indonesia atas inisiatif jeung anjuran atawa paréntah ti luhur ka lembaga Sosial Desa nu ayeuna disebut LKMD jeung koperasi desa.

Organisasi sosial tradisional nu raket patalina jeung kahirupan desa di wilayah Priyangan, di antarana hiras, liliuran, kondangan. Di desa Situraja, hiras nyaéta ikatan sosial nu mangrupa pagawéan nu dilakukeun ku hiji jelema atas pamenta hiji jalma tanpa dibere upah, iwal di béré dahar. Jenis pagawéanana di antarana hajatan, nyieun imah.

## DAPFTAR PUSTAKA

- Adimihardja, Kusnaka. 1993. *Kebudayaan dan Lingkungan: Studi Bibliografi*. Ilham Jaya, Bandung.
- dkk. 1991/1992. *Pola Pengasuhan Anak Secara Tradisional Pada Orang Sunda*. Departemen Pendidikan dan Kebudayaan: Direktorat Sejarah dan Nilai-Nilai Tradisional (Jarahnitra).
- Ahimsa Putra, Heddy Shri 1997. *Claude Levi-Strauss: Butir-butir Pemikiran Antropologi*. (Dalam Levi-Strauss Empu Antropologi Struktural) Jogjakarta:LkiS
- Anderson, Benedict RO 'G. 1991. *Gagasan tentang Kekuasaan Dalam Budaya Jawa*, dalam Miriam Budiarjo, ed. *Aneka Pemikiran Tentang Kuasa dan Wibawa*, Jakarta: Sinar Harapan.
- Bakker SJ, JWM. 1985. *Filsafat Kebudayaan: Sebuah Pengantar*. Yogyakarta: Kanisius.
- Bintarto, R. 1979. *Metode Analisis Geografi*. Jakarta: LP3ES.
- Cassirer, Ernst. 1944. *An Essay on Man*. Yale University Press.
- Daeng, Hans. 1991. 'Manusia, Mitos dan Simbol'. Dalam *Basis*, Vol. XL No. 1, hal. 15.
- Danandjaja, James. 1990. *Pengembangan Penelitian Kualitatif (Dalam Bidang Bahasa dan Sastra)*. Penyunting Aminuddin. Malang: Yayasan Asih Asuh.
- . 1994. *Folklor Indonesia: Ilmu Gosip, Dongeng dan lain-lain*. Jakarta: Grafiti Pers
- Dundes, Alan. 1968. *The Form of Folklore: Definition on Theories of Folklore, Proverb, Riddle, Superstition, Gesture, Blason Populaire, Folk Speech, Written Forms, Folktale, Legend, Myth, Drama, Folk Music*. Berkeley Calif. Fybate Lecture Notes.
- Ekadjati, Edi. S. 1997. *Kebudayaan Sunda: Sebuah Pendekatan Sejarah*. Bandung
- Garna, Judistira K. 1988. *Tangtu Telu Jaro Tujuh (Desertasi)*. Fakultas Sains Kemasyarakatan dan Kemanusiaan. Universiti Kebangsaan Malaysia.
- Geertz, Clifford. 1973. *The Interpretation of Culture*. Basic Book, Inc: New York.
- Huizinga, Johan. 1990. *Homo Ludens: Fungsi dan Hakikat Permainan dalam Budaya (Terjemahan)*. Jakarta: LP3ES
- Keesing, F.M & R.M Keesing. 1971. *New Perspectives in cultural anthropology*. Chicago: Holt, Rinehart, and Winston.
- Keesing, F.M & R.M Keesing. 1971. *New perspectives in cultural anthropology*. Chicago: Holt, Rinehart, and Winston.
- Keesing, Roger M. 1989. *Antropologi Budaya: Suatu Perspektif Kontemporer*. Edisi Kedua. Jakarta: Erlangga
- Koentjaraningrat. 1990. *Pengantar Ilmu Antropologi*. Jakarta: Aksara Baru
- 1985. *Ritus Peralihan di Indonesia*. Jakarta: Balai Pustaka
- 1980. *Sejarah Teori Antropologi*. Jakarta: UI Press
- (ed). 1997. *Metode-Metode Penelitian Masyarakat*. Edisi Ketiga. Jakarta: PT. Gramedia
- Kunto, Haryoto. 1986. *Semerbak Bunga di Bandung Raya*. Bandung: PT. Granesia.
- Kuntowijoyo. 1987. *Budaya dan Masyarakat*. Jogjakarta: PT. Tiara Wacana.
- Latif, Yudi& Idi Subandy Ibrahim.(ed.) 1996. *Bahasa dan Kekuasaan: Politik dan Panggung Orde Baru*. Bandung: Mizan
- Lembaga Basa & Sastra Sunda. 1980. *Kamus Umum Basa Sunda*. Bandung: Tarate
- Levi-Strauss, C. 1958. *Structural Anthropology*. New York: Basic Books.
- Linton, Ralph. 1984. *Study of Man*. Bandung: Jemmars
- Loebis, Mochtar. 1988. *Transformasi Budaya Untuk Masa Depan*. Jakarta: CV. Haji Masagung.
- Muchtar, dkk. 1982/1983. *Ungkapan Tradisional sebagai Informasi Kebudayaan Daerah Jawa Barat*. Direktorat Sejarah dan Nilai Tradisional (Jarahnitra).
- Mulyana, Dedi & Jalaludin Rakhmat (ed).1998. *Komunikasi Antarbudaya: Panduan Berkomunikasi dengan Orang-Orang Berbeda Budaya*. Bandung: Remaja Rosda Karya
- Mustapa, Hasan R.H. 1991. *Adat Istiadat Sunda (terjemahan)*. Bandung: Alumni.
- Peursen, C. van.1976. *Strategi Kebudayaan*. Diindonesiakan ku Dick Hartoko, BPK Gunung Mulia Jakarta-Yayasan Kanisius Yogyakarta.

- Prawirasuganda, R. Akip 1984. *Upacara Adat Pasundan*. Bandung: Sumur Bandung.
- Rosidi, Ajip (editor). 2001. *Ensiklopedi Sunda: Alam, Manusia, dan Budaya (Termasuk Budaya Cirebon dan Betawi)*. Jakarta: Pustaka Jaya
- Rosidi, Ajip. 1985. *Manusia Sunda: Sebuah Esei tentang Tokoh-tokoh sastra dan Sejarah*. Jakarta: Inti Idayu Press.
- Rusyana, Yus, dkk. 1988. *Pandangan Hidup Orang Sunda: Seperti Tercermin dalam Kehidupan Masyarakat Dewasa Ini*.(Tahap III) Jakarta: Dep. P&K Direktorat Jenderal Kebudayaan. Bagian Proyek Penelitian dan Pengkajian Kebudayaan Sunda.
- Sastrosupeno, Supriyadi. 1984. *Manusia, Alam dan Lingkungan*. Jakarta: Departemen Pendidikan dan Kebudayaan.
- Spradley, J.P 1972. *Foundations of cultural knowlwdge. Dalam Culture and Cognition: Rules, Maps and plans*. (Diedit oleh James P. Spradley) San Francisco: Chandler 2 -38
- Suhandi A. Suhamihardja. 1993/1994. *Fungsi Upacara Tradisional pada Masyarakat Pendukungnya Masa Kini di Jawa Barat*. Jakarta: Depdikbud.
- Sumaatmaja, Nursid. 1996. *Manusia Dalam Konteks Sosial, Budaya dan Lingkungan Hidup*. Alfabeta Bandung.
- Suparlan, Parsudi. 1980. "Manusia, Kebudayaan dan Lingkungannya Perspektif Antropologi Budaya". Dalam: *Yang Tersirat dan Tersurat*. Fakultas Sastra Universitas Indonesia 1940-1980.
- Suwarsih Warnaen. et.al. 1987. *Pandangan Hidup Orang Sunda*. Bandung: Bagian Proyek Penelitian dan Pengkajian Kebudayaan Sunda (Sundanologi).
- Ukun Suryaman. 1960. *Tempat Pemakaian Istilah Klasifikasi Kekerabatan pada Orang Jawa dan Sunda dalam Susunan Masjarakat*. Bandung: Penerbit Universitas.
- Utja, Djuariah, M. 1993/1994. *Pembinaan Budaya Dalam Lingkungan Keluarga di Jawa Barat*. Jakarta: Depdikbud.
- Van Peursen, CA. 1997. *Strategi Kebudayaan*. Yogyakarta: Kanisius